

**BIWO CHERIF KONTE PALM BEACH  
DEPATMAN KOREKSYON**

**GID POU  
PRIZONYE**



Yo remèt ou gid sa a. Se reponsabilite w pou kenbe gid sa a epi pou ou remèt li lè yo lage w. Ou pral kenbe gid la nan zafè w si yo transfere w nan yon lòt etablisman detansyon PBSO. W ap responsab si ou pa respekte kèlkeswa règ sa yo.

PBSO #0307CR

Revised 7/24

BIWO CHERIF KONTE PALM BEACH  
DEPATMAN KOREKSYON  
GID POU PRIZONYE

Chapit ki nan Tiliv sa a

<b>A.</b>	<b>ÒGANIZASYON.....</b>	<b>4</b>
A-1.	DEKLARASYON MISION NOU.....	4
A-2.	ETABLISMAN DETANSYON YO.....	4
<b>B.</b>	<b>SANITASYON AK IJYÈN.....</b>	<b>4</b>
B-1.	ZÒN KOTE DETNI YO VIV.....	4
B-2.	IJYÈN PÈSONÈL.....	5
B-3.	APARANS PÈSONÈL.....	7
<b>C.</b>	<b>BYEN AK KOURYE LAPÒS PRIZONYE YO.....</b>	<b>7</b>
C-1.	BYEN PÈSONÈL.....	7
C-2.	ATIK PÈSONÈL KI OTORIZE POU W GENYEN.....	7
C-3.	LAJAN.....	8
C-4.	KOURYE LAPÒS.....	10
<b>D.</b>	<b>KONSÈY JIRIDIK AK PLENT YO.....</b>	<b>12</b>
D-1.	AVOKA AK DEFANSÈ PIBLIK YO.....	12
D-2.	KOURYE LAPÒS PRIVILEJYE.....	12
D-3.	SÈVIS NOTÈ YO.....	12
D-4.	PWOSEDI DOLEYANS YO.....	12
D-5.	RESTORASYON DWA SIVIL YO.....	13
<b>E.</b>	<b>SEKIRITE AK KONTWÒL.....</b>	<b>14</b>
E-1.	KLASIFIKASYON.....	14
E-2.	BRASLÈ IDANTIFIKASYON.....	14
E-3.	KONTWÒL PREZANS PRIZONYE YO.....	15
E-4.	KONTREBANN.....	15
E-5.	FOUY.....	15
E-6.	INITE KANIN (PATWOUY AK CHEN).....	15
E-7.	LOJMAN KI ANBA SIPÈVIZYON DIRÈK.....	15
E-8.	LOJMAN ANBA JESYON ESPESYAL.....	16
E-9.	KÒD VESTIMANTÈ.....	18
<b>F.</b>	<b>PWOSEDI IJANS YO.....</b>	<b>18</b>
F-1.	MEZI SEKIRITE KONT DIFE.....	18
F-2.	EGZÈSIS EVAKYASYON PRIZON.....	18
F-3.	RÈGLEMANTASYON ANTI-TABAK.....	18
<b>G.</b>	<b>PWOGRAM AK SÈVIS YO.....</b>	<b>18</b>
G-1.	FÒM DEMAND PRIZONYE.....	18
G-2.	DETNI KI GEN YON ANDIKAP.....	19
G-3.	SÈVIS MEDIKAL, SWEN POU DAN AK SANTE MANTAL.....	19
G-4.	SÈVIS MANJE.....	21

G-5.	SÈVIS RELIJYE AK TERAPI-KONSÈY .....	21
G-6.	MOUVMAN PRIZONYE YO .....	21
G-7.	VIZIT .....	21
G-8.	DIVÈTISMAN .....	22
G-9.	TELEFÒN .....	22
G-10.	TELEVIZYON .....	22
G-11.	KANTIN .....	23
G-12.	BIBLIYOTÈK POU FÈ LEKTI .....	23
G-13.	BIBLIYOTÈK JURIDIK .....	23
G-14.	PWOGRAM EDIKATIF YO .....	24
G-15.	SWEN TIMOUN AK PLANING (PRIZONYE FI SÈLMAN).....	24
G-16.	MARYAJ.....	24
G-17.	LANMÒ YON MANM NAN FANMI A.....	24
G-18.	NOTIFIKASYON FANMI A.....	24
G-19.	GWOUPE SIPÒ ANTRÈD.....	25
G-20.	PWOGRAM POU VOTE NAN ELEKSYON .....	25
G-21.	PWOGRAM TIKÈ (PASS) POU OTOBIS.....	25
G-22.	PWOGRAM SEKIRITE SOSYAL .....	25
G-23.	PWOGRAM TRAVAY .....	25
G-24.	TERAPI-KONSÈY RE-ENSÈSYON NAN LAVI SIVIL/KONSÈY ANVAN OU LAGE... 26	
G-25.	KAT IDANTITE RE-ENSÈSYON NAN KOMINOTE A.....	26
G-26.	CHAJ PRIZONYE YO DWE PEYE POU SIBSTANS YO .....	26
G-27.	KREDI SOU AMANN AK DEPANS.....	26
<b>H.</b>	<b>KONPÒTMAN AK DISIPLIN PRIZONYE YO.....</b>	<b>27</b>
H-1.	KONPÒTMAN PRIZONYE YO .....	27
H-2.	RÈGLEMAN YO .....	27
H-3.	RAPÒ DISIPLINÈ, ODYANS, SANKSYON AK PWOSEDI YO .....	29
<b>I.</b>	<b>KONSYANTIZASYON SOU AGRESYON SEKSYÈL .....</b>	<b>37</b>
I-1.	AGRESYON SEKSYÈL .....	37
I-2.	EVITE AGRESYON SEKSYÈL .....	38
I-3.	KISA POU W FÈSI W VIKTIM YON AGRESYON SEKSYÈL .....	38
I-4.	SÈVIS YO BAY NAN SANT SART SÈVIS POU VIKTIM YO.....	39
I-5.	DEFANSÈ AKREDITE POU VIKTIM KADEJAK PRAL BAY SÈVIS SA YO..	39
I-6.	ENFÒMASYON POU YON PRIZONYE KI AGRESE SEKSYÈLMAN LÒT PRIZONYE	40
I-7.	SI OU GEN PWOBLÈM POU KONTWOLE AKSYON OU YO .....	40
I-8.	POU REDWI SANTIMAN KOLÈ AK AGRESYON TOUSWIT .....	40
I-9.	ÈSKE W TE KONNEN?.....	40
<b>J.</b>	<b>KONESANS LIMITE NAN LANG ANGLÈ .....</b>	<b>41</b>
J-1.	POLITIK OSIJÈ KONESANS LIMITE NAN LANG ANGLÈ (LEP).....	41

## A. ÒGANIZASYON

### A-1. DEKLARASYON MISION NOU

Mision Biwo Cherif Konte Palm Beach nan Depatman Koreksyon se mentyen lòd nan prizon nou an tout tan pou founi yon anviwònman ki san danje, ki gen lapè pou anplwaye ak prizonye nou yo. Depatman an sipòte dirèkteman kominote nou an ak sitwayen yo nan rejyon Palm Beach nan pote sèvis koreksyonèl san danje, efikas ak byen fèt pou sipòte objektif ki se reyisi yon re-yentegrasyon pwodiktif delenkan yo nan sosyete a.

### A-2. ETABLISMAN DETANSYON YO

Biwo Cherif Konte Palm Beach la jere (2) sant detansyon fonksyone nan Konte a:

#### MAIN DETENTION CENTER

3228 Gun Club Road  
West Palm Beach, Florida

#### WEST DETENTION CENTER

38811 James Wheeler Way  
Belle Glade, Florida

**REMAKE: Sa yo se anplasman jewografik tout bon, se pa adrès lapòs yo ye.**

## B. SANITASYON AK IJYÈN

### B-1. ZÒN KOTE DETNI YO VIV

Selil oswa zòn dõtwa yo ba w la se espas kote w ap viv ladann. Yo pral ba ou ekipman netwayaj pou ou kenbe sèlil ou an pwòp. Gadyen ki asiyen nan zòn sa yo pral enspekte sèlil ak zòn dõtwa yo nan chak shift oswa omwen chak jou. Aksyon disiplinè ka pran oka zòn dõtwa yo pa nan bon kondisyon sanitè.

- Se responsabilite w pou kenbe kabann yo asiyen w lan byen fèt, tout lè se poko lè dòmi.
- Ekleraj ak fenèt yo dwe rete lib, san obstak ki bouche yo. Li entèdi pou mete materyèl sou limyè oswa fenèt yo.
- Atè a nan inite lojman ou a dwe rete pwòp, sèch epi san okenn sibstans danjere.
- Fatra ak detritis yo dwe vide epi netwaye omwen chak jou.
- Anyen pa dwe mete sou oswa nan mitan bawo sèlil yo.
- Mi yo ap rete vid. Grafiti oswa kouvri mi yo entèdi.
- Twalèt, twalèt pipi, douch ak lavabo dwe netwaye omwen chak jou.
- Fenèt yo, arebò yo ak ekran yo dwe rete pwòp epi nan bon eta.
- Ou pa gen dwa stoke manje ki nan plato repa ou yo pou manje li pita. Se sèlman atik ou achte nan kantin lan ki otorize estoke nan ranjman ou.
- Rapòte nenpòt pwoblèm antretyen, tankou plonbri oswa aparèy ekleraj ki pa fonksyone, pote bay gadyen an ki asiyen nan inite w la pou reparasyon yo ka fèt.

## B-2. IJYÈN PÈSONÈL

Se responsabilite chak prizonye pou li kenbe ijyèn pèsonèl pa li. Se pou rezon sa douch ak lavabo yo plase nan chak inite lojman yo. Prizonye ki nan popilasyon jeneral la pral gen opòtinite pou pran yo douch chak jou.

Lè yo admèt yon prizonye nan yon inite lojman, yo pral bay li yon bwòs adan, dantifris, savon ak sandal pou douch. Ou ka mande yon twous pou moun sansenk nan men distribitè kantin nou an lè ou ranpli seksyon ede sansenk ki nan fòm demann kantin la katòz (14) jou apre admisyon w ak chak semèn apre sa. Twous premze nesosite sa a ou pral delivre nan jou kantin lan planifye pou inite w la. Twous sa a gen ladan:

- 1ye Semèn - bwòs dan, dantifris, chanpou, deyodoran, kreyon
- 2yèm Semèn - dantifris, kreyon
- 3yèm semèn - dantifris, deyodoran, chanpou, kreyon
- 4yèm Semèn - dantifris, kreyon

Prizonye pòv yo gen dwa mande nenpòt ki lè materyèl pou ekri ak tenm pou koresponn ak avoka, tribinal ak otorite piblik yo, epi yon fwa pa semèn yo gen dwa mande materyèl pou yo koresponn ak fanmi yo ak ak zanmi yo.

Sik kat (4) semèn jan sa dekri anwo a, se yon wotasyon kontinyèl.

Ou ka achte menm atik sa yo, si gen lajan ki disponib nan kont ou.

Y ap ba ou savon nan inite lojman ou oswa ou ka achte pwòp savon pa w nan kantin. Papye pou ekri disponib nan men gadyen ki asiyen nan inite lojman w lan. Si ou sansenk katòz (14) jou apre w antre, ou ka mande rad moun sansenk nan moman sa a e ankò chak sis (6) mwa apre sa, si ou kalifye, avèk yon limit de (2) pou chak lane san pa gen limit tan prizon. Twous sa yo konpoze ak:

### GASON

2 mayo  
2 kanson kout  
2 pè chosèt  
\*1 mayo manch long

### FI

2 soutyen  
2 kansou fi  
2 pè chosèt  
\*1 mayo manch long

\*Gason ak fi pral resevwa yon (1) chemizèt chak de (2) lane, si yo kalifye, san limit tan prizon.

Bobin fil ou pase nan dan ap disponib sou demann pou prizonye sansenk yo.

Lè w admi nan prizon an, si ou san kanson/ kilòt, y ap ba ou yon pè nan seksyon Pwopriyete a. Yon fwa yo mete w nan yon inite lojman epi ou rete sansenk, pake kanson/kilòt a ap founi lè yo fini ranpli yon Fòm Demann Kanson/Kilòt pou prizonye ki pa gen lajan.

Yo pral ba ou dra, sak zòrye ak sèvyèt ke yo pral blanchi oswa chanje pou twal pwòp omwen yon fwa chak semèn.

Y ap ba ou yon dra ki pral blanchi oswa chanje pou yon dra pwòp omwen yon fwa chak trimès.

Y ap ba ou yon inifòm pou bay lave oswa chanje pou rad pwòp omwen de fwa pa semèn.

Lesiv pèsònèl (sa vle di chosèt, rad, chemizèt ak mayo) yo pral lave omwen yon fwa chak semèn. Se prizonnye ki pou mande Gadyen lojman an pou yo founi sak may pou lesiv, pou sa depoze atik rad pèsònèl w yo pou yo sa netwaye. Yo pap aksepte okenn atik lesiv pèsònèl ki degrenen andeyò sak may lesiv yo. Pa mete sèvyèt, dra ak inifòm prizon an bay ou nan sache may yo. Yo pral retire yo epi yo pa pe retounen yo ba ou. Pa mete ba savon anndan sache may yo paske li ka deranje fonksyonman machin lave / rense yo epi sa pral retade retou lesiv pèsònèl ou an.

Ou pral responsab pou tout twal fin blan ak inifòm yo ba ou. Twal fin blan ak / oswa inifòm ki domaje ak / oswa pèdi eskap sa pral lakòz ou refere pou aksyon disiplinè.

Fanm prizonnye yo pral resevwa atik ijyèn ki nesèsè yo.

Ou lib pou chwazi aparans pèsònèl pa ou, eksepte lè yon enterè valab jistifye otreman. Yon kòmandan divizyon oswa reprezantan li etabli jistikasyon sa yo, ki pral fè detèminasyon selon kritè kondisyon pou sekirite, idantifikasyon ak ijyèn.

Pou diminye chans pou enfeksyon:

- Lave men ou byen avèk savon ak dlo pandan tout jounen an, sitou chak fwa ou itilize twalèt la ak anvan chak repa.
- Pa janm manyen blesi yon lòt moun, po ki enfekte oswa pansman sal.
- Pran douch regilyèman pou toujou kenbe ijyèn pèsònèl ou epi kenbe espas kote w ap viv la pwòp, san bliye blanchi dra kabann ou regilyèman.
- Pa pataje atik ijyèn pèsònèl ak lòt moun, tankou twalèt ak sèvyèt.
- Netwaye ekipman lwazi anvan kontak dirèk avèk kò ou oswa itilize yon baryè pwòp, tankou yon sèvyèt oswa chemiz ant po ou ak ekipman pou fè egzèsis la.
- Pran douch apre ou fin patisipe nan aktivite Divètismanèl kontak rapwòche chak fwa sa posib.
- Pa fè tatou pandan ou nan prizon, pa itilize dwòg nan piki, oswa fè kontak seksyèl ak lòt prizonnye.
- Kouvri nenpòt blesi k ap senyen oswa maleng epi mande atansyon medical

### B-3. APARANS PÈSONÈL

Tondè cheve ak klou taye pou koupe zong ap disponib nan men gadyen ki asiyen nan inite w la. Lè ou fini ak ekipman an, ou dwe byen netwaye l epi retounen l bay gadyen. Tout prizonnye ki koupe cheve ap espere tondè yo an ak solisyon dezenfektan an apre chak itilizasyon. PA GEN EKSEPSYON!

## C. BYEN AK KOURYE LAPÒS PRIZONYE YO

### C-1. BYEN PÈSONÈL

Lè yo te anrejistre w nan batiman prizon an, pwopriyete pèsonèl ou te liste sou yon fòm ki rele RESI POU PWOPRIYETE PÈSONÈL PRIZONYE. Yo te ba ou yon kopi – KENBE RESI SA A.

Byen yo te pran nan men ou nan moman arestasyon w gen dwa retni tankou prèv. Ou ta dwe resevwa yon resi prèv nan men ofisye ki te arete w la. Nou pa p ka jwenn pwopriyete sa a pou ou.

Chak atik pèsonèl, ki li te rad, ki otorize pou kenbe avè w, dwe anrejistre sou resi pwopriyete bitiman an epi yo pral pèmèt ou kenbe l.

### C-2. ATIK PÈSONÈL KI OTORIZE POU W GENYEN

Se sèlman atik administrasyon prizon an bay ou oswa apwouve oubyen nenpòt atik w achte nan kantin, jiska mezi lajan ki endike nan lis anba ki pi ba la a, yo pral pèmèt ki rantre nan inite lojman w amwens kòmandan divizyon ta otorize l.

- (2) Pè soulye yo pral founi ou (sandal bwa ak bòt travayè prizonnye)
- (1) Pè soulye pèsonèl ou (achte nan kantin)
- (1) Pè sandal douch
- (4) Pè chosèt
- (4) Mayo
- (4) Pè nan nenpòt kalite kanson/kilòt ki pa enkli kilòt tèmik
- (1) Pè bout pantalon pou spò
- (2) soutyen san fil
- (2) Chemizèt
- (1) Inifòm PBSO ap founi
- (1) Peny (piti / plastik, san manch)
- (1) Bwòs (piti / plastik, san manch)
- (2) Grenn nan chak atik ijyèn (youn ki ape itilize ak yon nouvo) sa yo: Deyodoran, chanpou, dantifris, bwòs dan, elatriye.
- (1) Pè linèt / kontak (ka gen yon pè nan linèt lekti anplis ki disponib nan men medikal oswa ki achte nan kantin sèlman. Ka gen preskripsyon konplè nan kontak, sèlman si seksyon medikal apwouve l.
- (3) Jwèt (damye, dam oswa jwe kat)
- (4) Liv (ki gen ladan liv relijye)
- (2) Magazin
- (3) Foto fanmi (pa gen foto Polaroid)

- (1) Liv pou ekri adrès (pa gen okenn obligatwa metal)
- (3) Plim
- (1) Tapi lapriyè oswa sèvyèt siplemantè jan Omonye a apwouve
- (2) Pakè oswa resipyan pou chak medikaman san preskripsyon ki achte nan kantin

\*\*\* Medikaman ki jwenn aprobasyon nan medikal  
 \*\*\* Badj alèt medikal oswa braslè  
 \*\*\* Atèl, bandaj, kann, beki, elatriye, jan medikal apwouve l

Yo pral konfiske kòm kontrebann nenpòt atik ki depase kantite lajan yo pèmèt la oswa nenpòt ki bagay ki chanje oswa mal itilize epi jete yo.

**REMAK:** Tout mayo, chemizèt ak bout pantalon espò yo dwe tou blan oswa tou gri san yo pa gen okenn pòch, logo, kapo oswa zip.

Pou idantifye pwopriyete w yo, ou ta dwe make chak atik ou yo ak non ou epi ak nimewo sèlil ou anndan kolye mayo a oswa nan senti pantalon a.

**REMAK:** Tout lòt bagay yo pral estoke nan ranjman pwopriyete prizonye yo. Ou ka soumèt yon sèl demand pou atik ou vle resevwa nan inite lojman ou an. Seksyon Pwopriyete a pral revize demann lan epi byen fouye atik ki otorize yo. Se yon sèl demann yo aksepte ki soti pou pwopriyete nan depo prizonye a.

C-3. LAJAN

Tout lajan ou pote nan etablisman an oswa ke yo voye ba ou dwe rete nan kont prizonye ou an.

Y ap louvri yon kont pou ou nan Biwo Pwopriyete / Finans lan. Tout depo ak retrè (pri pou sibsisans, sèten pri medikal, acha kantin ak transfè pou moun andeyò) yo trete nan òdinatè a nan yon fason pou kenbe yon dosye pèmanan.

Nenpòt lajan ajans ki arete w la te pran nan men ou nan moman arestasyon an, ke yo te jije ki te ka yon prèv, yo pral kenbe l. Nou pa ka jwenn lajan sa a pou ou.

Transfè lajan ak bagay ki gen valè ant prizonye yo entèdi e konsidere kòm kontrebann. Yo pa pral retounen atik kontrebann ba ou.

Yo pa p aksepte pou moun voye lajan pou ou nenpòt ki lè, sòf si li rive nan yon metòd ki apwouve.

Metòd apwouve yo gen ladann: Sèvis lapòs, kyòsk lajan Cobra oswa aplikasyon « Corrections Access ».

SÈVIS LAPÒS: Lajan ou resevwa nan sèvis lapòs yo dwe sou fòm yon « money order » oswa yon chèk gouvènman an bay. Nou pa aksepte chèk pèsonèl oswa chèk komèsyal. Nou pa chanje lajan etranje, Money Order ak lòt pwodwi finansye soti ki



nan peyi etranje. N ap refize tout lajan konsa epi retounen bay mèt li. Nou chanje SÈLMAN money order oswa chèk ke gouvènman lokal, Eta a ak gouvènman federal bay. Fanmi ou ak zanmi ou pa ta dwe voye lajan kach pa lapòs. Nou pa pral responsab pou lajan ki pèdi nan kourye lapòs.

**KYÒSK KÈS COBRA:** Kyòsk yo sitiye nan tout espas vizit yo. Sant Vizit Videyo a aksesib sèlman pandan vizit (11:00 am jiska 9:00 pm Jedi jiska Dimanch). Sant Detansyon Prensipal (Main Center) ak Sant Detansyon Lwès (West Center) yo aksesib vennkat èdtan sou vennkat, sèt jou nan yon semèn. Machin yo ap aksepte lajan kach, kat kredi ak kat debi. Sistèm sa a depoze lajan nan kont prizonye a ki fè lajan an fasilman disponib pou acha nan ekonomat (commissary).

**CORRECTIONS ACCESS:** Sèvis sa a pèmèt yon moun voye yon depo lajan pou ou nan prizon an nan kèk minit soti nan nenpòt kote nan peyi a pou utilize pou acha nan ekonomat. Sèvis sa a disponib nan [www.accesscorrections.com](http://www.accesscorrections.com) oswa pa telefòn nan 866-394-0490. Sèvis la aksepte kat kredi ak kat debi ki gen logo MasterCard oswa Visa..

- Fanmi ak zanmi yo dwe konnen NIMEWO JAKÈT prizonye a ak NON KONPLÈ KI MAKE NAN REJIS DETANSYON AN
- Adrès la (FL - WPB - Biwo Cherif Rejyon Palm Beach la)
- Depo yo ka fèt vennkat (24) èdtan pa jou, sèt (7) jou pa semèn

**GOVPAYNOW:** Sèvis sa a pèmèt yon moun fè yon peman KOSYON ADISTANS (REMOTE BOND) soti nan nenpòt kote nan peyi a. Sèvis sa a disponib nan [www.GovPayNow.com](http://www.GovPayNow.com) oswa pa telefòn nan 877-392-2455.

- [Main Detention Center Pay kòd lokalizasyon 7020](#)
- [West Detention Center Pay kòd lokalizasyon 7021](#)
- Fanmi ak zanmi yo dwe konnen NIMEWO JAKÈT prizonye a ak NON KONPLÈ li jan li te ANREJISTRE NAN PRIZON a, NIMEWO ANREJISTREMAN ak MONTAN PEMAN EGZAK KOSYON a.

Pou fè peman kosyon sou plas atravè GovPayNow:

- Main Detention Center Pay kòd lokalizasyon A001b1
- West Detention Center òd lokasyon A001b2
- Fanmi ak zanmi yo dwe konne nimewo JAKÈT prizonye a ak non konplè li jan li te anrejistre nan prizon an, ak monan egzak kosyon a.

Lajan kontrebann pral trete menm jan ak nenpòt lòt kontrebann yo jwenn sou yon prizonye. Y ap ranpli yon resi prèv epi remèt li bay envestigatè prizon an pou miz ann akizasyon ak solisyon final la.

Nenpòt lajan ki depoze pou yon prizonye gen dwa sèvi tankou kontribisyon nòminal pou peye dèt prizonye yo dwe nan etablisman detansyon yo (IKONPRI LAJAN KOSYON [BOND] AN).

#### C-4. KOURYE LAPÒS

Ou gen pèmisyon pou ekri tout lèt ou vle. Nou ankouraje w koresponn ak zanmi ak fanmi w. Pa pral gen okenn lis korespondan apwouve, oswa limit sou volim nan lapòs yon prizonye ka resevwa byenke korespondans ant prizonye-ak-prizonye nan yon etablisman PBSO entèdi. Papye pou ekri disponib nan men gadyen ki asiye nan inite w la. Prizonye sansenk ki twoke ak materyèl ekri yo, anvlòp oswa tenm ak / oswa otreman abize privilèj pou yo resevwa atik sa yo gratis sou kont etablisman an pral sijè a aksyon disiplinè. Lapòs ki adrese andeyò Etazini dwe rive jwenn sal lapòs prizonye a pou yo trete li. SI NON OU, NIMEWO SÈLIL AK NIMEWO JAKÈT PA POU ANVLOP LA, YO AP POTE LÈT LA POU OU KORIJÈ LI.

#### Lapòs ki ap soti pou andeyò prizon a dwe soumèt pou tretman tou louvri.

Anvan yo delivre lapòs pou andeyò prizon a nan biwo lapòs la, tout lèt yo pral resevwa yon so ak avètisman sa a:

ATANSYON: LÈT SA A SOTI NAN YON ETABLISMAN PRIZON KONTE PALM BEACH. KORESPONDANS PRIZONYE PA SANSIRE. CHERIF LA PA KA ASIME RESPONSABILITE POU KONTRNI LI.

Pou evite reta nan livrezon lapòs, asire ke korespondan ou byen ekri adrès lapòs nan etablisman kote ou rete a. Men Adrès jan pou yo ekri yo:

Main Detention Center  
NON PRIZONYE A \_\_\_\_\_  
SÈLIL # \_\_\_\_\_ JACKET # \_\_\_\_\_  
P.O. Box 24716  
West Palm Beach, Florida 33416

West Detention Center  
NON PRIZONYE A \_\_\_\_\_  
SÈLIL # \_\_\_\_\_ JACKET # \_\_\_\_\_  
P.O. Box 1450  
Belle Glade, Florida 33430

SI NON OU, NIMEWO SÈLIL YO AK NIMEWO JAKÈT PA SOU KORESPONDANS LA, YO AP RETOUNEN LÈT LA. Lèt la ap retounen tou si ou gen tan lage oswa transfere nan soti nan etablisman an. Tout kourye lapòs prizonye ka resevwa, eksepte lapòs legal ak lòt atik ki apwouve espesyalman, dwe nan yon fòm kat postal. Kat postal pral fotokopye epi se kopi a yo pral remèt ou nan inite lojman ou an. Yo pral mete kat postal ak orijinal la nan pwopriyete w la epi yo pral ba ou l lè ou lage nan etablisman an.

- A. Fòm Kat Postal ki akseptab:
1. Kondisyon gwosè pou pi piti kat postal la se 3.5 pous pa 5 pous
  2. Gwosè maksimòm ki otorize pou kat postal yo se 4.25 pous pa 6 pous

3. Li dwe ekri oswa tape ak lank nwa oswa ble sèlman
- B. Fòm kat postal ki pa akseptab yo:
1. Vin ilizib, degrade
  2. Plastik oubyen anbalaj sou kat postal yo
  3. Kat postal yo make ak penti, kreyon oswa makè
  4. Kat postal yo gen etikèt oubyen otokolan (stikè)
  5. Kat postal yo gen so an filigran oswa tach sou yo
  6. Kat postal yo gen nenpòt risk biyolojik, ikonpri pafen oswa wouj alè
  7. Kat postal ki montre moun ki toutouni, zam oswa referans nan gng
  8. Kat postal ki twò gwo

Yo ka voye prizonye yo lajan nan yon anvlòp ki gen adrè etablisman an sou li epi li dwe deklare non ak nimewo jakèt prizonye a. NOU P AP AKSEPTÉ LAJAN KACH. Nou p ap livre prizonye yo kenepòt korespondans ki vini ak chèk, money orders oubyen kourye lapòs ki apwouve. Yo dwe chwazi youn nan metòd sa yo pou voye lajan:

- Money orders
- Chèk ki soti nan men ajans leta
- Chèk ki soti nan detansyon oubyen prizon prive ki libele nan deviz Etazini

VisMail – Imèl: Ou ka resevwa imèl soti nan adrès imèl ki gen tan anrejistre yo. Moun k ap voye imèl yo dwe enskri nan sistèm vizitasyon an nan <https://jailvisit.pbso.org>. Sa a se yon sèvis imèl ki ale nan yon sèl direksyon, ki sèlman aksepte imèl k ap rantre rive jwenn detni yo epi yo dwe delivre ansanm ak lapòs Ameriken an. Sendè yo dwe achte kupon vityèl ki disponib nan sistèm vizitasyon an. Imèl yo sijè a revizyon.

Magazin, Jounal ak Peryodik:

- Prizonye yo pa ka pran abònman nan plis pase yon jounal kotidyen oswa ebdomadè ak kat (4) jounal peryodik. Prizonye yo pran abònman nan peryodik oswa nan lòt materyèl lekti sou pwòp risk yo ak depans pa yo. Biwo Cherif la pa pral ranbouse prizonye yo pou okenn materyèl ki rejte.
- Yo p ap pèmèt okenn prizonye resevwa ni kenbe plis pase yon kopi nenpòt volim, nimewo oswa edisyon nenpòt liv, peryodik oswa lòt publikasyon.
- Prizonye yo p ap gen dwa resevwa okenn kalite enfòmasyon ki montre enstriksyon pou fabrike eksplozif, zam, pwodwi chimik, dwòg, oswa alkòl. Ni yo pa dwe resevwa materyèl ki vyolan, kriminèl, ak eksplisit seksyèlman, ki montre moun toutouni oswa ki montre rayisans pou nenpòt kalite moun, ke l swa etranje, relijye oswa nasyonal, oswa nenpòt materyèl ki deranje etablisman an epi ki reprezante yon menas potansyèl pou sekirite.
- Tout publikasyon ak peryodik dwe soti dirèkteman nan Piblikatè a oswa yon sous ki gen lisans antrepozaj komèsyal.
- Etikèt lapòs dwe gen ladan non non ki make sou rejis detansyon prizonye a, nimewo jakèt li, ak nimewo sèl li.

## **D. KONSÈY JIRIDIK AK PLENT YO**

### **D-1. AVOKA AK DEFANSE PIBLIK YO**

Si ou bezwen kontakte Biwo Defansè Piblik la, ou ka ekri oswa rele yo:

Rejyon kòt lès Etazini:

Public Defender's Office

421 3rd Street

West Palm Beach, Florida 33401

Telefòn: (561) 355-7500

Rejyon Belle Glade:

Biwo Defansè Piblik la

2976 State Road # 15

Belle Glade, Florid 33430

Telefòn: (561) 996-4880

Pa mande yon manm pèsònèl la pou rekòmande yon avoka pou ou paske nou entèdi pou nou fè sa. Ou ka rele oswa ekri ajans sa a pou ede ou jwenn yon avoka:

Lawyer Referral Service of the Palm Beaches

County Bar Association

1601 Belvedere Rd.

West Palm Beach, Florid 33406

Telefòn: (561) 687-3266

Pyès pou konsiltasyon prive yo kote ou ka diskite sou ka ou a ak avoka ou disponib nan etablisman sa a.

### **D-2. KOURYE LAPÒS PRIVILEJYE**

Lapòs privilejye se lapòs yo idantifye aklè ki soti nan men avoka ou, tribinal la oswa otorite piblik yo. Yo pral louvri korespondans privilejye yo nan prezans ou sòf si ou renonse alekri. Korespondans orijinal ak anvlòp li yo pral fotokopye ak graje nan prezans ou. Ou pral resevwa fotokopi korespondans orijinal la ak anvlòp li yo.

Yo pa dwe louvri lapòs privilèjye ou ekri a, men yo ka kenbe li pou yon peryòd tan rezonab, ki pa depase swasann-douz (72) èdtan, annatandan verifikasyon ke li byen adrese a yon moun oswa ajans ki make sou anvlòp la.

### **D-3. SÈVIS NOTÈ YO**

Sèvis notè yo disponib pou ou a pati sèjan ki asiye nan zòn ou an. Demann yo ta dwe fèt avèk Fòm Demand Prizonye a.

### **D-4. PWOSEDI DOLEYANS YO**

Si ou gen yon plent, pote l nan atansyon gadyen ki asiye nan inite w la. Si gadyen a pa ka rezoud pwoblèm nan, lè sa a, pote l 'bay atansyon sèjan an oswa lyetnan ki degad la. Si etap sa yo te eseye déjà men pwoblèm nan pa ka rezoud, gen yon pwosedi doleyans nan etablisman an pou adrese plent prizonye yo. Ou ka jwenn yon fòm doleyans nan men gadyen ki asiye nan inite w la.

Lè w resevwa fòm doleyans lan, ranpli pati ki ekri « narrative » la avèk yon deskripsyon plent ou an. Esplike pwoblèm nan, dat ensidan an ak manm pèsònèl ki enplike yo (si sa aplikab). Epi tou, enkli nenpòt manm pèsònèl ou ka kontakte nan yon efò pou rezoud pwoblèm nan. Soumèt plent ou an nan sèt (7) jou ki vini apre dat ensidan an, sòf si li pa posib nan peryòd tan sa a. Lè ou pote plent, yo pral ba w yon repons nan kenz (15) jou ouvrab. Repons lan ap baze sou reyalite yo, ki gen rapò espesyalman ak plent lan. Doleyan prizonye yo pa pral trete si yo detèmine ke yo se: 1) pa serye 2) egzajere oswa se menm plent yo ki repete 3) yo te deja reponn li oswa 4) fòm la mal ranpli.

Si ou pa satisfè avèk repons lan, ou ka fè apèl ak yon kòmandan divizyon nan lespas senk (5) jou apre ou resevwa repons ou an. Kòmandan divizyon an ap gen sèt (7) jou pou reponn apèl ou an. Si ou pa satisfè ak desizyon kòmandan an, ou ka fè apèl ak majò a nan lespas senk (5) jou apre ou resevwa repons kòmandan divizyon an. Desizyon majò a final. Ofisyèl etablisman yo ka pwolonje tan repons lan pou doleyans ki mande anpil rechèch ak dokiman.

Pa gen okenn limit tan ki enpoze lè ou ka soumèt yon doleyans konsènan yon akizasyon abi seksyèl. Ou ka soumèt yon doleyans san ou pa soumèt li bay yon manm pèsònèl ki sijè nan plent lan epi yo pap refere doleyans sa a bay yon manm pèsònèl ki sijè nan plent lan.

PBSO dwe bay yon desizyon final sou baz byenfonde nenpòt pòsyon nan yon doleyans ki pretann abi seksyèl nan 90 jou apre doleyans lan ranpli pou premye fwa. Kalkil peryòd tan 90 jou a pa dwe gen ladan tan ou konsome nan prepare nenpòt apèl administratif. PBSO ka reklame yon ekstansyon tan pou reponn, jiska 70 jou.

Nan nenpòt etap nan pwosesis administratif la, ki gen ladan etap final l toua, si ou pa resevwa yon repons nan tan yo bay pou repons lan, ki gen ladan nenpòt ekstansyon byen avize, ou ka konsidere absans repons la tankou yon refi nan etap sa a.

Nenpòt tyès moun, ta ka prizonye parèy yo, manm pèsònèl la, manm fanmi yo, avoka yo ak avoka deyò yo otorize pou yo ede ou nan ranpli demann pou yon solosyon administratif ki gen rapò ak akizasyon sou abi seksyèl epi yo dwe pèmèt tou ranpli demann sa yo sou non ou.

Yon doleyans ki alege ke gen gwo danje abi seksyèl ki pandye sou tèt ka ranpli nan nenpòt ki lè nan jounen an oswa lannwit (24 èdtan nan yon jounen - 7 jou nan yon semèn). PBSO va adrese san pèdi tan.

PBSO sèlman ka sanksyone ou sizoka ou ta ranpli yon doleyans ki gen rapò ak swadizan abi seksyèl lè ajans lan demontre ke ou te depoze doleyans lan menm lè se manti.

#### D-5. RESTORASYON DWA SIVIL YO

Elektè Florid yo te pase Amanman 4 nan dat 6 Novanm 2018 ki rele Restorasyon Dwa Elektè yo. Entansyon lwa sa se te selon deklarasyon ki te ekri sou bilten vòt yo se : “Amanman sa a retabli dwa vòt Floridyen yo ki gen kondanasyon krim apre yo fin

sèvi tout tan kondanasyon yo, ki gen ladan libète pwovizwa oswa pwobasyon. Amanman an pa aplike pou moun ki kondane pou asasina oswa krim seksyèl. Moun sa yo kontinye entèdi pou yo vote nèt amwenske Gouvènè ak Kabinè a ta vote pou retabli dwa vòt yo grenn pa grenn. "

Se responsabiltè elektè a pou konfime si wi ou non dwa vòt li te otomatikman retabli. Ajans Florid sa yo gen resous pou ede aplikan yo verifè obligasyon santans yo:

Florida Commission of Offender Review, Office of Executive Clemency  
4070 Esplanade Way, Tallahassee FL 32399  
Telefòn: (850) 488-2952 / Toll gratis: (800) 435-8286  
Faks: (850) 488-0695  
Imèl: ClemencyWeb@fcor.state.fl.us  
Sou entènèt: www.fcor.state.fl.us

Enfòmasyon sa a konfidansyèl poutèt sa yo pral diskite li sèlman avèk moun ki afekte dirèkteman an.

Sitwèb Florida Commission on Offender Review la ofri yon Rechèch Restorasyon Dwa Sivil pou bazdone li, kidonk, ou ka detèmine si dwa ou yo tegen tan retabli. Asire ou ke ou fè rechèch anba tout varyasyon nan non ou, ki gen ladan prenon w tou.

Palm Beach County Clerk & Comptroller Main Office  
205 North Dixie Highway, West Palm Beach, FL 33401  
Telefòn: (561) 355-2996  
Imèl: clerkweb@mypalmbeachclerk.com  
Sou entènèt: www.mypalmbeachclerk.com

Yon fwa ke dwa vòt ou retabli, pou enskri pou vote nan Florid, ale nan Enskripsyon Elektè sou Entènèt, epi ranpli yon aplikasyon nan nenpòt biwo Sipèvizè Eleksyon oswa yon ajans piblik tankou biwo Pèseptè taks la, Bibliyotèk Piblik, Ajans Asistans Piblik oswa biwo Lapòs. Aplikan an ta dwe resevwa yon Kat Enfòmasyon Elektè nan kèk semèn apre li voye aplikasyon pou enskri li nan lapòs la. Si ou pa resevwa l, kontakte biwo nou an pou asire ke nou gen adrès ki kòrèk la.

## **E. SEKIRITE AK KONTWÒL**

### **E-1. KLASIFIKASYON**

Pandan pwosesis admisyon an, yon ofisye klasifikasyon pral fè entèvyou avèk ou. Entèvyou sa pèmèt depatman nou an detèmine pi bon lojman apwopriye ak pwogram ki ap plis nan avantaj ou nan moman sa a. Nan nenpòt ki lè oka ou ta vin gen yon chanjman nan jan ou santi nivo sekirite w nan anviwonman ou ye a, si w santi w pa an sekirite ankò, tanpri avize ofisye dètwa ou san pèdi tan.

### **E-2. BRASLÈ IDANTIFIKASYON**

Yo te mete yon braslè idantifikasyon prizonye sou ou ou lè ou te rive nan etablisman an. Braslè idantifikasyon sa a ap gen non ou, foto, sèks, etni ou ak nimewo jakèt sou li.

Nenpòt prizonye yo jwenn san braslè idantifikasyon li pa pral otorize patisipe nan okenn pwogram epi yo gen dwa pran aksyon disiplinè oswa administratif jiskaske idantite li ka verifye ak yon braslè ranplasman. Yo pral chaje prizonye yo yon pri rezonab pou fè yon braslè ponyèt ranplasman si braslè ponyèt la te pèdi oswa te gen yon konklizyon disiplinè ki endike prizonye a manipile l entansyonèlman.

### E-3. KONTWÒL PREZANS PRIZONYE YO

Ofisye anchaj la ap fèt yon kontwòl prezans prizonye yo lè li jije li nesèsè. Tout prizonye gen pou swiv direksyon ofisye a. Ou pral prezante braslè ou lè yo bay lòd pou fè sa. Pandan yo ap fè dekont la, pa pral gen okenn pale sòf si yo pale ak yo. Limyè yo pral limen epi televizyon an ap etenn. Si w pa kolabore, sa pral lakòz aksyon disiplinè.

### E-4. KONTREBANN

Kontrebann se nenpòt atik ki pa otorize pa etablisman an oswa ki chanje soti nan fòm original li te genyen an. Atik yo jwenn ki depase mezi ki apwouve yo konsidere tou kòm kontrebann. Yo pral konsider pran Aksyon disiplinè ak / oswa pouswit kriminel si ou vyole dispozisyon sa a. Tout atik kontrebann yo pral konfiske epi disparèt yo kòm sa dwa. Lajan kontrebann ap sezi menm jan ak nenpòt lòt kontrebann yo jwenn sou yon prizonye. Y ap ranpli yon resi prèv epi remèt li bay investigatè prizon an pou akizasyon ak dispozisyon kriminel apwopriye.

Nenpòt telefòn sèlilè oswa lòt aparèy pòtab kominikasyon elektwonik yo posede andan oswa prezante nan nenpòt etablisman detansyon Biwo Cherif Palm Beach County ap konsidere kòm kontrebann .

### E-5. FOUY

Kontwòl zam ak kontrebann nan yon etablisman se yon mezi esansyèl. Fouy san previzyon prizonye yo, lojman yo ak lòt zòn nan etablisman an fèt osi souvan sa nesèsè pou asire lòd ak sekirite anplwaye yo, prizonye yo ak etablisman an.

Fouy yo dwe fèt nan yon fason ki pral evite abi fòs ki pa nesèsè, anbarasman oswa pèt diyite pou prizonye a.

### E-6. INITE KANIN (PATWOUY AK CHEN)

Depatman Koreksyon Biwo Cherif Rejyon Palm Beach la jere yon inite kanin nan tou de enstalasyon koreksyonèl yo. An akò avèk Lwa Eta Florid yo, nenpòt moun ki entansyonèlman oswa pa tansyonèlman anmède, farouche, entèfere oswa eseye entèfere ak yon chen lapolis, pandan ke bèt la nan akonplisman devwa li yo, komèt yon krim lalwa pini.

### E-7. LOJMAN KI ANBA SIPÈVIZYON DIRÈK

Sipèvizyon dirèk se kote pòs gadyen a chita nan mitan popilasyon nan zòn lojman an. Faktè ki pi enpòtan nan detèmine ki prizonye ki pral loje nan inite sa yo pral konpòtman enstitisyonèl yo. Lè ou fin abite nan yon inite sipèvizyon dirèk, ou pral oryante sou règleman sipèvizyon dirèk la. Si ou chwazi pou ou pa respekte règleman sa yo, yo pral retire w nan inite sipèvizyon dirèk la epi yo pral asiyen ou nan yon lòt lojman. Selon nivo vyolasyon règ ou komèt la, yo ka pran mezi disiplinè kont ou. Sonje ke ou responsab pou konpòtman ou ak aksyon ou. Gadyen inite a ka enstitiye

yon disiplin enfòmèl. Disiplin enfòmèl sa a gen ladan otorite pou mande pou ou rete nan zòn endividyèl pou dòmi ou pou pa plis pase de (2) èdtan. Disiplin enfòmèl la pa dwe gen ladan restriksyon nan manje, rad oswa vizit. Lis ki anba sila se Règ ak Règleman pou pwòpte, sanitasyon ak ijyèn nan inite sipèvizyon dirèk yo:

- Kabann ou dwe byen ranje nan estil militè a (dra ak kouvèti rantrè anba matla a) chak fwa ou pa sèvi ak li.
- Douch limite a yon maksimòm kenz (15) minit. Kite zòn douch la pwòp epi nan lòd. Douch yo nòmalman otorize nan lè ant 8:00 ak 10:45 nan lannwit, eksepte pandan repa, lè netwayaj, ijans “lòkdawn” ak kontaj prizonye. Benyen epi netwaye tèt ou chak jou.
- Kenbe zòn kote ou rete a pwòp e epi nan lòd toutan. Enspeksyon ka rive nenpòt kilè.
- Matla, dra, kouvèti ak zòrye pa otorize pou soti lwen sèlil ou oswa sèlil ou. Atik kabann siplemantè yo pa otorize sòf si yo jwenn otorizasyon espesyal.
- Sere rad ou anba matla ou, zòrye ou oswa nan veso ki sèvi ou kou depotwa; pa pann yo sou sèlil ou oswa kite yo ki degrennen atè a.
- Sere kantin ou nan veso ki sèvi ou depotwa.
- Tòde sèvyèt ou epi swa pann li nan kwòk rad sèlil ou (si li aplikab), oswa pliye li nan mwatye epi pann li nan pye sèlil ou pou li ka seche.

#### E-8. LOJMAN ANBA JESYON ESPESYAL

Lojman anba kesyon espesyal entegre konfinman administratif ak disiplinè, gad pou pwoteksyon ak izolasyon pou sante mantal. Pandan w ap abite nan yon inite segregasyon, w ap gen posibilite pou jwenn aksè nan sa ki annapre a, avèk restriksyon pwosesis disiplinè a enpoze:

- Benyen epi raze w omwen twa (3) fwa chak semèn
- Vizit, eksepte si gen rezon grav pou retire privilèj sa yo
- Kontrent fizik gendwa nesesè pafwa
- Ekri lèt oswa resevwa kat postal menm jan ak prizonye nan popilasyon jeneral la
- Liv jiridik
- Liv pou fè lekti
- Privilèj pou sèvi ak telefòn
- Divètisman toulejou
- Pwogram ak sèvis

**REMAK: Gen posibilite pou jistifye yo mete restriksyon sou nenpòt nan opòtinite sa yo oswa bay chanje nivo aksè a yo.**

#### RÈG POU KONFINMAN DISIPLINÈ:

DOUCH: Lendi, mèkredi ak vandredi sèlman epi pa plis ke kenz (15) minit.

APÈL TELEFÒN: Pa gen apèl nan telefòn pèsònèl. Apèl avoka yo pral pèmèt nan Lendi pou rive Vandredi sèlman pandan lè biznis regilye. Ofisye a ap konpoze nimewo a epi verifye idantite pati ki reponn la.



LIMYÈ AK FENÈT: PA dwe kouvri okenn lè.

PA GEN DWA EKRI SOU PÒT, FENÈT, MÈB, ELATRIYE.

KAZYE YO: Prizonnye yo pa gen aksè nan kazye yo. Se ESTAF la sèlman ki gen aksè nan atik yo.

ATIK KI OTORIZE ANNDAN SÈLIL YO:

- Ijyèn pèsònèl: 1 bwòs adan  
1 tib dantifris  
1 woulo papyè twalèt  
1 ba savon  
1 Adezif dantè  
1 Tampon – Regilye (Fi)
- Rad: 1 inifòm  
1 pè kilòt  
1 pè sandal pou douch
- Litri: 2 dra  
1 tè zoreye  
2 kouvèti/lèn  
1 sèvyèt
- Materyèl lekti: 1 Bib oswa Koran  
1 liv oubyen magazin  
Dokiman jiridik  
Kat postal pèsònèl (fotokopi)
- Kantin: Anvlòp ki gen tenm ak sandal pou douch sèlman  
**\*\*ATIK MANJE PA OTORIZE\*\***
- Atik Divè: 1 kèp Styrofoam pou bwè  
1 kreyon fleksib  
1 estilo sekirite Flex  
Linèt pou fè lekti  
Papyè pou ekri oswa blòk-nòt

ATIK KI AKSEPTE NAN KAZYE: Tout lòt atik ijyèn ki pa endike anwo a (grès cheve, deyodoran, peny) 1 pè soulye prizon, 1 pè kilòt ak 1 pè chosèt.

ATIK KI PA OTORIZE NAN KAZYE YO:

- **\*\* PA METE MAYO T-SHIRTS \*\***
- **\*\* PA METE CHEMIZ MANCH LONG \*\***
- **\*\* PA METE ATIK MANJE KANTIN \*\***

Si yon prizonnye nan konfinman administratif, tout bagay ki nan kazye l pral nan sèlil la avèk prizonnye a. Si yon prizonnye soti nan konfinman administratif ale nan konfinman disiplinè, yo pral wete tout atik posèsyon prizonnye a ki nan sèlil la eksepté sa yo ki nan lis anwo.

## E-9. KÒD VESTIMANTÈ

Inifòm yo bay ou la dwe byen mete toutan. Si ou gen nan posesyon ou rad ki te achte nan kantin lan (bout pantalon, chemizèt, elatriye), yo ka pèmèt ou mete atik sa yo pandan aktivite Divètisman, pou dòmi oswa pou aktivite ijyèn pèsònèl elatriye.

Prizonnye yo dwe byen mete inifòm oswa rad apwopriye lè yo pa nan kabann yo.

Prizonnye yo dwe nan inifòm konplè pandan aktivite sa yo:

- Manje tout repa prizonnye yo
- Pandan y ap bay medikaman yo
- Lè y ap livre lapòs legal la ak kantin la
- Pandan echanj atik rad ki blanchi ak lave
- Nenpòt ki lè yo kite inite lojman yo
- Pandan nenpòt aktivite nan klas lajounen
- Pandan ou ap rankontre avèk avoka, konseye, envestigatè, terapè, doktè, pèsònèl sèvis relijye, elatriye.

Omonye a sipèvizè emisyon foula relijye ki kouvri tèt yo. Foula relijye kovri tèt ka mete tout tan sòf si yon risk sekirite espesifik dikte otreman. Foula kouvri tèt pa dwe kouvri / anpeche figi a, pa dwe twò gwo oswa gen rakò ki lach. Foula kouvèti tèt yo gen dwa foye nenpòt ki lè.

## F. PWOSEDI IJANS YO

### F-1. MEZI SEKIRITE KONT DIFE

Sekirite kont dife se youn nan pi gwo enkyetid nan depatman nou an. Mèb lakay ou fèt ak materyèl ki pa boule fasil (matla / zòrye). Detektè lafimen, alam ensandi, ekstenktè dife yo plase toupatou nan etablisman an sizoka ta gen yon sitiyasyon ijans. Si ou deomaje yon aparèy sekirite kont dife, yo ka pouswiv ou nan tribianl penal.

### F-2. EGZÈSIS EVAKYASYON PRIZON

Tanzantan, egzèsis repetisyon pou dife yo pral òganize nan zòn kote w ap viv lan. Egzèsis sa yo fèt pou asire sekirite ou menm ak anplwaye yo nan evènman yon ijans reyèl ta rive pase. Pandan peryòd evakyasyon yo, koute enstriksyon ofisyè a ba ou. Rete kalm epi an silans pouw ka evakye nan yon manyè apwopriye e san danje.

### F-3. RÈGLEMANTASYON ANTI-TABAK

Tout enstalasyon pou prizonnye nan depatman an amenaje POU MOUN KI PA FIMEN konfòmman ak Lwa „Florida Clean Indoor Air Act“ la. Si ou gen tabak ak / oswa akseswa pou fimen nan posesyon ou, sa pral konsidere kòm kontrebann epi yo pral pran mezi disiplinè kont ou.

## G. PWOGRAM AK SÈVIS YO

### G-1. FÒM DEMAND PRIZONYE

Fòm demann prizonnye a ofri ou yon mwayen pou kominike avèk diferan seksyon nan administrasyon an. Yo founi w fòm demann medikal sèlman pou satisfè bezwen

medikal ou yo. Depi ou fin ranpli yon Fòm Demann Medikal, ou dwe remèt founisè swen sante a demann ou dirèkteman pandan vizit medikal li yo.

## G-2. DETNI KI GEN YON ANDIKAP

Founisè swen sante ki anba kontra a responsab pou evalye bezwen medikal pou pwotèz oswa nenpòt aparèy pou asiste moun ki gen yon andikap. Si ou bezwen nenpòt aparèy medikal pou ede w, prezante yon demann medikal pou yon founisèswen sante anba kontra ka evalye li.

Prizonye ki gen andikap gen menm aksè oswa yon lòt aksè ak tout pwogram ak sèvis ki disponib pou popilasyon jeneral prizon an. Si ou gen yon andikap epi ou gen difikilte pou rive jwenn aksè nan nenpòt nan pwogram ak sèvis sa yo, soumèt yon FÒM DEMAND PRIZONYE bay sipèvizè apwopriye yo epi enfòmè yo sou nenpòt pwoblèm aksè ou ap rankontre. Si pwoblèm ou genyen yo pa ka rezoud, n ap jwenn yon solisyon altènatif pou asire ou gen aksè ak pwogram ak sèvis sa yo.

## G-3. SÈVIS MEDIKAL, SWEN POU DAN AK SANTE MANTAL

Yon founisè swen sante anba kontra bay Biwo Sheriff la sèvis medikal. Enfimiyè yo nan sèvis vennkat (24) èdtan pa jou, sèt (7) jou pa semèn nan chak etablisman.

Enfimiyè yo fè toune chak sou pou administre medikaman. Yo dwe pran medikaman yo an rpezans enfimiyè a epi y ap verifiye anndan bouch pasyan yo pou wèsi yo vale medikaman yo vreman. Lè enfimiyè a rele ou pou medikaman, ou ta dwe prezante tèt ou byen abiye. Aksyon disiplinè yo pral pran kont prizonye ki pa mete rad ki apwopriye a lè enfimiyè a prezan.

Ou gendwa mande yon egzamen medikal oswa swen pou dan, lè ou prezante yon Fòm Demann Sèvis Sante. Se sèlman pèsonèl medikal la ki pral rekipere fòm sa yo. Pa bay ofisye a yo. Ijans yo ta dwe pote nan atansyon manm pèsonèl ki asiye nan inite w la.

Pri pou sèvis medikal: Tout prizonye ap gen pou peye pou sèten swen ak tretman pwòp tèt yo lakòz, ki pa referans (pa yon pwofesyonèl swen sante) ak ki pa ijans. Sèvis sa yo ap kontinye bay gratis:

- Admisyon ak tès depistaj sistèm pou detèmine kondisyon sante
- Istwa medikal ak fizik
- Maladi kwonik
- Sèvis sante mantal
- Maladi yo te bay yon referans pou li a ak swen swivi
- Ijans medikal (jan estaf medikal al detèmine sa)

Lis pri a se: (Gade chaj ki afiche yo)

- Klinik swen enfimiyè
- Klinik medikal
- Klinik swen pou dan
- Preskripsyon ki gen pou wè ak sa ki anlè a (sof se se yon maladi kwonik)
- Transpòrive kay doktè w si yo apwouve sa
- Linèt pou fè lekti (disponib tou nan ekonomat la)

Si ou fè yon vizit nan klinik enfimye a epi yo a refere yo bay klinik medikal la oswa klinik dantè a, yo pral chaje w kòm sa afiche. Yo pap refize okenn prizonye swen medikal paske li pa ta gen ase lajan.

Nan kèk sikonstans ki ra anpil men ki konn rive, yo ka aksepte apwobasyon pou ou vizite pwòp doktè ou. Ou dwe gen lajan pou pri transpò a nan kont sipèvizè ou anvan randevou a. Lajan sa a se pou transpò sèlman epi li pa enkli pri pou sèvis medikal doktè ou bay.

Yo p ap chaje w frè pou swivi swen ki gen rapò ak vizit sa yo eksepte pou transpò adisyonèl ak pri medikal ki asosye pou pwòp doktè ou. Ou pral oblije siyen yon akò peman anvan sèvis medikal sa kapab aplike.

Ou gen dwa pou refize swen ak tretman medikal. Refi sa a dwe fèt dirèkteman bay pèsònèl medikal la. Ou pral akonpaye nan depatman medikal etablisman an kote ou dwe fè refi bay anplwaye medikal la. Yon ofisye pa ka resevwa refi swen medikal ou an. Si ou pa ale ki pou ale nan inite medikal la sa pral lakòz nan aksyon disiplinè.

Sèvis sante mantal disponib pou ou. Menmjan ak pou sèvis medikal ak swen pou dan yo, ou gendwa mande sèvis sante mantal, lèou prezante yon Fòm Demann Sèvis Sante, oswa ou pale ak enfimye a pandan l ap fè toune vizit li yo oubyen si se yon ijans, pale ak depite nan inite w lan.

#### Siy Avètisman Prevansyon Swisid:

Pafwa gen siy avètisman. Malerezman, pafwa pa gen okenn siy aklè ki endike yon gason oswa yon fi ki gen entansyon touye tèt li. Sepandan, nou toujou bezwen okouran posibilite sa yo. Men kèk siy avètisman ou dwe konnen:

- Chanjman sanzatann nan limè oswa nan konpòtman
- Dlo nan je, santiman dezespwa oswa enpuisans
- Fè kado posesyon/byen bay lòt moun
- Deklarasyon ki endike moun lan vle mouri; oswa ke "lavi a pa vo lapèn".
- Yon istwa tantativ swisid
- Pèt yon zanmi pwòch oswa yon manm fanmi an nan swisid
- Gwo santiman lawont oswa kilpabilite
- Pèdi enterè nan aktivite oswa nan bagay moun sa nòmalman renmen fè
- Lespri li okipe ak panse sou pwòp lanmò li
- Chita pale nan rèv sou fason pou soti nan prizon rapid

#### Rete veyatif:

Tout moun ta dwe vijilan sou prizonye parèy yo toutan. Tanpri sonje ke jou ferye yo kapab deklanche panse komèt swisid nan kèk moun. **Si ou santi yon moun gen lide swisid, rapòte san pèdi tan obsèvasyon sa a bay ofisye ki pi pre a oswa manm pèsònèl medikal / sante mantal la**

#### Refleksyon sou komèt swisid:

Si “OU” gen lide pou komèt swisid, tanpri sonje:

- Mande pou yo ede ou. Sèvis konsèy la disponib, osi byen ak lòt entèvansyon medikal. PALE AK OFISYE INITE A, OSWA AK DISTRIBITÈ SWEN MEDIKAL AK SANTE MANTAL.

#### G-4. SÈVIS MANJE

Yo pral sèvi repa yo 3 fwa pa jou nan lè sa yo:

- Manje maten: 5:00 am pou 7:00 am
- Lennch: 10:30 am pou 12:30 pm
- Manje aswè: 4:30 pm pou 6:30 pm

#### G-5. SÈVIS RELIJE AK TERAPI-KONSÈY

Sèvis relije ak konsèy disponib. Nan evènman yon lanmò nan fanmi an, sèvis konsèy relije yo ap disponib sou yon baz yon endividyèl, si ou mande sa. Soumèt yon Fòm Demand Prizonye nan biwo omnye a pou tout bezwen relije ou yo.

#### G-6. MOUVMAN PRIZONYE YO

Prizonye yo dwe plase nan lò sou yon sèl liy lè yo akonpaye yo mache nan tout etablisman an; egzansp, ale nan tribinal, divètisman, sèvis legliz, vizit, egzamen medikal, elatriye. Deplasman sa yo ka mande pou yo mete kontrent fizik.

#### G-7. VIZIT

Prizonye yo ka resevwa vizit ak moun ki te soumèt non yo pou apwobasyon e ki gen non yo sou yon lis Vizit Otorize. Lis sa yo limite a sèt (7) vizitè pou pi plis, ki gen ladan timoun ki poko gen laj 18 lane. Aprè premye aparisyon yo oswa nan lè plasman yo nan yon inite lojman pèmanan, prizonye yo ka ranpli epi soumèt non pou lis vizitè apwouve yo. Sèlman yon (1) lis ka soumèt nan yon peryòd trant (30) jou. Lis vizit ki gen tan apwouve yo ka revize sèlman yon fwa nan yon peryòd trant (30) jou. Enfòmasyon vizitè sila yo dwe make obligatwaman sou fòm lan.

- Non konplè
- Dat nesans konplè – jou, mwa ak ane a
- Nimewo idantite vizitè a

Tout vizitè yo oblije enskri swa sou entènèt nan [www.jailvisit.pbso.org](http://www.jailvisit.pbso.org) oswa sou yon kyòs nan Sant Vizitasyon Videyo prizon santral la oswa Sant Vizitasyon Viedyo prizon lwès la. Yon fwa enskripsyon an fini, yo pral bay chak vizitè yon nimewo ID vizitè. Vizitè ou dwe ba ou nimewo sa a, epi ou pral mete nimewo sa a sou Fòm Vizit Otorize a. Yo pral retounen fòm enkonplè yo bay ou.

Yo pa pèmèt ou pran anyen nan inite lojman ou pou menen nan vizit. Vizitè yo dwe kontwole pitit yo oswa vizit la ap sispann.

Si yon vizitè pa prezante pou twa (3) vizit pwograme nan yon peryòd tan trant (30) jou, yo pap ka pwograme lòt vizit pou de (2) semèn.

Ou menm ak vizitè ou yo dwe swiv enstriksyon anlwaye PBSO yo oswa vizit la ap sispann. Nenpòt vyolasyon règleman yo ap lakòz vizit la ap sispann epi sa ka lakòz vizitè ou entèdi vizite ou pou tout tan.

#### G-8. DIVÈTISMAN

Divètisman yo ap disponib chak jou (si lameteyo a pèmèt sa). Mande ofisye etaj ou pou lè pwograme yo.

Ou pral retounen san pèdi tan nan inite lojman ou lè yon ofisye oswa yon lòt anlwaye PBSO bay ou enstriksyon pou fè sa. Nenpòt vyolasyon règ ak règleman nan etablisman an oswa konpòtman, ki deranje devwa anlwaye ki asiye nan Divètisman oswa lòt manm pèsonel la ap lakòz peryòd Divètisman ou an sispann epi yo ap pran aksyon disiplinè kont ou.

Pandan divètisman an, ou pa dwe eseye kontakte oswa kominike avèk moun andeyò zòn Divètisman ou asiye an nan rele yo, fè siyal men ak / oswa jès obsèn. Sa a pral kòz pou yo sispann peryòd Divètisman an epi ka pran aksyon disiplinè kont ou. Divètisman yo pral ofri nan lè ki pwograme yo selon si gen move tan ki ka mete restriksyon aktivite andeyò yo.

#### G-9. TELEFÒN

Telefòn yo enstale nan inite lojman ou se pou itilizasyon ou. Enskripsyon obligatwa pou fè apèl nan telefòn. Y ap ba ou yon PIN # (nimewo pèsonel), ki ta dwe kenbe garanti. PA BAY LÒT PRIZONYE NIMEWO PIN OU AN. Ou ka transfere lajan soti nan kont sipèvizè ou rive nan kont telefòn ou. Apèl dirèk ka fèt lè ou sèvi avèk lajan ki disponib nan kont ekonomat (commissary) ou. Telefòn yo ka itilize pou apèl kolèk yo epi y ap faktire moun k ap resevwa apèl la pou chak apèl kenz (15) minit. Apèl nan telefòn sèlilè yo pa garanti. PBSO ak / oswa distribitè sèvis kominikasyon li yo pa pral responsab pou apèl ki tonbe. Swiv enstriksyon yo lè ou rele pou asire ke apèl ou fini. Yo pral chaje pri telefòn ki aplikab yo pou chak apèl telefòn. Telefòn TDD (Aparèy telekominikasyon pou moun soud) yo disponib nan chak enstalasyon detansyon pou nenpòt prizonye ki gen yon pwoblèm pou tande itilize. Nenpòt abi privilèj telefòn ap lakòz yo retire telefòn yo ak / oswa akizasyon ki depoze kont ou. Kòmandan etablisman yo pral responsab pou fikse lè telefòn yo ap disponib pou prizonye itilize yo. Orè tan a ta dwe bay opòtinite pou itilize yo lajounen tou ak aswè.

**Apèl nan telefòn prizonye yo gen dwa siveye epi anrejistre, yon fason pou prezève sekirite ak jesyon lòd nan etablisman yo, epi tou pou pwoteje piblik la. Asire w ou koute mesaj-gid yo anvan ou fè yon apèl nan telefòn.**

#### G-10. TELEVIZYON

Pòs televizyon ki enstale nan chak pyès sejour yo mete la pou edikasyon ou ak amizman e li se yon privilèj. Pa dwe gen okenn manipilasyon ak televizyon an oswa kab la. Nenpòt soupson manipilasyon pral lakòz yo retire televizyon an nan inite lojman an epi ka depoze akizasyon disiplinè mete sou do ou. Ofisye ki asiye nan zòn ou an pral opere kontwòl adistans televizyon an. Yon vòt pou wè majorite prizonye a

dwe detèmine ki chanèl yo pral gade. Nivo volim la dwe rete nan yon nivo nòmal, pou yo pa entèfere ak lòt prizonye oswa operasyon etablisman an.

Pandan y ap fè chèk kantite prizonye, yo pral etenn televizyon an pou pèmèt ofisye a opòtinite pou jwenn yon kont egzat. Nenpòt prizonye ki pa kolabore pandan y ap konte detni yo ap pèdi privilèj televizyon yo epi yo pral defere l nan yon odyans disiplinè.

Restriksyon sou Televizyon: Televizyon yo ap etenn ant 11:00 nan lannwit ak 6:00 nan maten pandan sèt (7) jou nan semèn la.

#### G-11. KANTIN

Atik kantin yo ka achte nan jou ki pwograme pou inite lojman w lan. Si kòmand total ou a pi plis pase balans ki sou kont ou, valè atik ki plis pase balans la pa pral nan livrezon vin jwenn ou. Kòmand ou limite pou katreven-dis dola (\$ 90.00) pou atik kantin ak katreven-dis dola (\$ 90.00) pou atik rad (eksepte transfè lajan telefòn). Se yon sèl kòmand kantin yo pral aksepte livre chak semèn.

Yo pèmèt ou kòmande chak semèn jiska ven (20) grenn nan chak nan atik sa yo: Chips, Soup Nouy ak Soup Ramèn. Nenpòt bagay ki depase swasant (60) grenn nan posesyon ou yo pral konfiske epi mete yo nan pwopriyete w la.

Lè reprezantan kantin lan delivre kòmand ou a, yo pral verifye idantifikasyon ou epi jwenn siyati ou anvan yo remèt ou sak la tou sele. Ou dwe verifye kòmand ou an prezans reprezantan kantin lan. Yo pa pral konsidere nenpòt plent ou ta ka genyen pou kantite ki ta mnke nan kòmand la apre ou fin mache kite reprezantan kantin lan. Kòmand nenpòt ki atik ranplasman yo pral retounen ba ou nan fen semèn nan.

**Chak prizonye dwe kreye epi enskri yon kòd sekirite pèsònèl 10 chif lè l sèvi avèk sèvis ekonomat (commissary) kòmande-nan-Telefòn (Phone-it-in). Yo p ap travay sou kòmand ekonomat (commissary) yo jiskaske pwosesis enskripsyon a fin fèt kòrèkteman.**

**Si ou pa kapab enskri kòd sekirite pèsònèl 10 chif ou an, ou dwe avize san pèdi tan gadyen inite lojman an pou kowòdone pwosesis re-enskripsyon ou an.**

#### G-12. BIBLIYOTÈK POU FÈ LEKTI

Yon pousèt liv mobil disponib kote w ap jwenn liv pou fèlekti detant. Orè a afiche nan inite lojman ou an.

#### G-13. BIBLIYOTÈK JURIDIK

Yo dwe bay chak prizonye aksè rezonab ak siyifikatif ak materyèl jiridik. Se bibliyotèk lalwa a sèlman ki gen dwa konnen tout demann ki rive jwenn li. Liv jiridik yo sitiye tou nan tout inite lojman / espas kontwòle. Nenpòt prizonye yo jwenn ki nan bibliyotèk jiridik pou chache dokiman jiridik pou nenpòt lòt moun pase pou tèt li / yo pral resevwa mezi disiplinè an akò avèk gid konpòtman prizonye yo epi règ disiplin yo.

Estaf bibliyotèk jiridik la pral travay soutout demann bibliyotèk jiridik la konfòmman ak enstriksyon yo ki make nan do fòm demann la. Soumèt fòm demann jiridik la tou ranpli ak enfòmasyon sou pwosedi jiridik ou vle rekipere nan bibliyotèk la. Anplwaye bibliyotèk jiridik la pral trete enfòmasyon an epi retounen li ba ou.

#### G-14. PWOGRAM EDIKATIF YO

Nou ofri klas Edikasyon Fondamantal pou Adilt (Adult Basic Education, ABE). Klas preparatwa sa yo pral ofri konesans debaz nan domèn Lekti, Redaksyon ak kompetans nan Matematik pou detni yo ka pran tès GED an. Prizonnye yo ki entere patisipe ta dwe prezante demand yo opre Seksyon Pwogram la.

Pwogram Sèvis Eksepsyonèl (Exceptional Services Program, ESP) se yon pwogram akademik Distri Lekòl Konte Palm Beach la ofri. Moun ki elijib yo se moun ki pa te gradye nan lise ak moun ki gen andikal ki poko gen 22zan ki nan yon sant detansyon Konte a. Si sa entere w, prezante yon demand opre Seksyon Pwogram la.

#### G-15. SWEN TIMOUN AK PLANING (PRIZONYE FI SÈLMAN)

Lè depatman medikal la verifiye ke ou ansent, yo pral pwograme swen pre-natal pou ou.

Se règleman FSS 944.241 Biwo Cherif la ki endike kondisyon ak kalite kontrent ki ka itilize sou yon prizonnye ansent.

Yo ka mete yon prizonnye ansent nan segregasyon sèlman si yo vin detèmine ke segregasyon an nesèsè e pa gen lòt mwayen mwens restriktif ki disponib. Anplwaye yo dwe bay yon kopi dokiman ekri pou sipòte desizyon mete yon detni nan segregasyon anvan 12 èdtan apre plasman prizonnye a nan segregasyon.

#### G-16. MARYAJ

Demann pou maryaj dwe soumèt bay Omonye prizon a. Yo ka otorize yon prizonnye marye pandan ke li nan prizon, an akò avèk règ FSS 741.04 depi pa gen okenn depans sou kont Biwo Cherif Rejyon Palm Beach la epi depi pa gen okenn vyolasyon sekirite ak / oswa sekirite anplwaye oswa prizonnye yo.

#### G-17. LANMÒ YON MANM NAN FANMI A

Sizoka yon manm fanmi pwòch ou ta mouri epi yo verifiye sa (mari oswa madanm, pitit, manman, papa, sè, frè), epi kòmandan divizyon klasifikasyon yo ba ou pèmision pa ale nan sèvis fineray la, sèten kondisyon dwe ranpli. De (2) ofisyè dwe akonpaye ou pou ale ak pou vini nan sèvis la, ou responsab pou peye yo nan yon tarif ki gen tan detèmine pa Biwo pèmi Cherif la. Tout mezi lajan a dwe gen tan depoze nan Biwo Cherif la vennkat (24) èdtan anvan yo kite pou ale nan sèvis la.

#### G-18. NOTIFIKASYON FANMI A

Yon blezi grav oswa maladi ka rive nenpòt moun nan nenpòt ki lè. Pandan pwosesis anrjistremman an, yo te mande w idantifye yon manm fanmi, zanmi oswa lòt moun ou vle nou avèti nan evènman yon aksidan grav, maladi oswa lanmò. Si ou vle chanje



moun ou vle avize a oswa si ou pa t liste yon moun nan moman anrjistreman an, voye yon FÒM DEMAND PRIZONYE nan Seksyon Klasifikasyon an.

#### G-19. GWOUP SIPÒ ANTRÈD

Pwogram yo ki ede kwasans pèsonèl disponib pou prizonye yo; pou egzanzp, Alcoholics Anonymous (AA) ak Narcotics Anonymous (NA). Tcheke orè pwogram prizonye yo pou etablisman ou epi si ou enterese, soumèt yon fòm Demann Prizonye nan Seksyon Pwogram yo.

Edikasyon sou Konsomasyon Abizif Dwòg ak Alkòl – Pwogram Another Way (Yon lòt chemen):

Pwogram volontè sa a ofri edikasyon nan zafè konsomasyon abizif dwòg ak alkòl ak sèvis konsyantizasyon bay detni gason ak fi anvan-pwosè ak gason e fi ki resevwa yon santans epi ki mande pou patisipe epi ki respekte pwogram sa a. Si ou enterese, soumèt yon Fòm Demand Prizonye bay Seksyon Pwogram la.

Pwogram Asistans Medikaman ak Sipò Kanmarad pou Tretman (MAPS):

MAPS se yon pwogram tretman volontè 12 semèn pou pwoblèm sibstans kontwole tankou alkòl ak dwòg. Dòtwa Tretman MAPS la ofri yon pwogram tretman estriktire ki konbine tretman konpòtmantal, ak tretman ki ofri opsyon preskripsyon medikaman ak sèvis sipò moral kanmarad bay yo. Si w enterese, voye yon fòm aplikasyon pou prizonye nan seksyon pwogram yo.

#### G-20. PWOGRAM POU VOTE NAN ELEKSYON

Yo pral bay èd pwogram la bay nenpòt prizonye ki elijib ki vle vote grasa yon bilten vòt pa korespondans oswa ki vle enskri pou vote. Ou elijib pou vote oswa pou enskri pou vote si ou se yon rezidan Florida, ki pa adjidike, ki gen kapasite mantal li pou li vote, ki pa reklame dwa pou vote nan okenn lòt Konte oswa Eta oubyen si ou pa yon delenkan kondane dwa li yo pa t retabli. Ou gendwa enskri pou vote nenpòt kilè. W ap dwe soumèt yon Demand Prizonye bay Biwo Pwogram Prinoye yo pou mande yon fòm enskripsyon votè epi/oswa yon bilten vòt pa korespondans.

#### G-21. PWOGRAM TIKÈ (PASS) POU OTOBIS

Nan moman liberasyon ou an, yon lese pase pou yon sèl jou ap disponib. Pou ou resevwa yon lese pase otobis, ou dwe mande li nan moman ou pral lage a epi ranpli fòm ki nesèsè yo.

#### G-22. PWOGRAM SEKIRITE SOSYAL

Ajans sa a patisipe nan pwogram pre-liberasyon Sekirite Sosyal yo, ki pral ede w detèmine si ou elijib pou resevwa avantaj ekirite Sosyal yo epi/oswa pou ede w jwenn avantaj leta bay yo. Pou resevwa èd pou travay sou bezwen ou genyen pou jwenn Sekirite Sosyal, voye yon Demand Prizonye nan Seksyon Pwogram yo.

#### G-23. PWOGRAM TRAVAY

Tout prizonye Konte ki resevwa santans yo oblije travay epi yo gendwa asiyen yo nan pwogram travay la. Asiyasyon travay yo baze sou pèmision medikal ak sekirite ansanm ak disponiblite travay la. Biwo Cherif la ofri yon pwogram gad altènativ,

plasman an Rezidans siveye. Plasman nan pwogram sa a depande desizyon diskresyonè Biwo Cherif la ak jij prezidan an. Pwogram “arestasyon nan kay” disponnib alafwa pou detni ki deja resevwa santans yo ak detni k ap tann pwozè yo. Se yon jij nan tribinal 15yèm Sikwi a ki dwe bay lòd pou mete prizonnye yo nan pwogram sa a.

#### G-24. TERAPI-KONSÈY RE-ENSÈSYON NAN LAVI SIVIL/KONSÈY ANVAN OU LAGE

Terapi-konsèy preparasyon anvan liberasyon disponnib pou tout prizonnye yo. Si ou enterese, soumèt yon fòm demand prizonnye nan Seksyon Pwogram yo. Enfòmasyon sa yo sible ajans kominotè yo, men se pa sa sèlman ki ofri: 1) djòb 2) chèltè 3) sèvis sante mantal 4) terapi-konsèy pou konsomasyon abizif pou dwòg ak alkòl epi 5) transpò.

#### G-25. KAT IDANTITE RE-ENSÈSYON NAN KOMINOTE A

Pou bay prizonnye y ap libere yo soti nan Etablisman Detansyon Biwo Cherif Konte Palm Beach la yon pyès idantite, ki **gendwa** itilize nan sèten sitiyasyon kote idantifikasyon nesèsè. Soumèt yon Fòm Demand Prizonnye bay Biwo Pwogram yo, si ou ta renmen resevwa yon kat idantite.

#### G-26. CHAJ PRIZONYE YO DWE PEYE POU SIBSTANS YO

Prizonnye yo pral gen pou paje pri ki an akò avèk règleman FSS 951 ak manda ki soti nan Konsèy Komisyonè Konte a.

Anplisdesa, tout prizonnye yo pral oblije peye sèten frè medikal, ki asosye ak prizon an (FSS 951.032).

Lè ou fin lage, yo pral retounen tout pwopriyete pèsonèl ou ak lajan ou ba ou, mwens nenpòt frè jan sa make. Se responsablite w, osi byen ke anlwaye yo, pou asire ke tout byen ak lajan ou te kite retounen jwenn ou. Chak prizonnye ki dwe dèt nan etablisman an nan moman liberasyon yo ap resevwa yon deklarasyon sou kantite lajan ou dwe pou pri ak sèvis pandan ke yo te nan prizon nan yon etablisman detansyon Rejyon Palm Beach. Dèt yo pral transfere nan yon sistèm sèvis bòdwo ak rekiperasyon frè pou yo sa touche pi devan.

#### G-27. KREDI SOU AMANN AK DEPANS

Chak prizonnye kondane konte a ki ap travay dwe gen dwa resevwa, ansanm ak sibstans, yon kredi nan pousantaj la 30 santim pou chak jou (pèdyèm), sou kont amann ak depans ki jije kont li. Lè li libere, si li mande sa, yo dwe bay chak prizonnye ki gen dwa yon lèt ki pral sèvi kòm avi sou kantite jou prizonnye a dwe resevwa pèdyèm. Li pral responsablite prizonnye a delivre avi a bay grefye a nan tribinal yo gen kredi ki aplike a.

## H. KONPÒTMAN AK DISIPLIN PRIZONYE YO

### H-1. KONPÒTMAN PRIZONYE YO

Ou oblije obeyi tout règ ak règleman enstalasyon detansyon nou yo. Si yo deklare w koupab pou pa respekte rè ak règlemantasyon yo dapre Estanda Prizon Modèl Florida (Florida Model Jail Standards) yo, yo gendwa mete w an detansyon disiplinè, fè w pèdi tan yo te retire sou santans ou epi/oswa pèdi privilèj. Zak kriminel nan enstalasyon detansyon nou yo pa pral tolere epi yo pral pouswiv nan tout limit lalwa a.

### H-2. RÈGLEMAN YO

#### A. ENFRAKSYON KATEGORI 1:

- 1-1 Kou ak blesi kont nenpòt manm pèsonèl la
- 1-2 Agresyon seksyèl
- 1-3 Fè menas agresyon/kou seksyèl sou yon lòt
- 1-4 Mete dife oswa domaje yon priz elektrik, aparèy oswa aparèy deteksyon / ekstenksyon dife
- 1-5 Goumen
- 1-6 Kou e blesi sou nenpòt moun (ki pa manm pèsonèl la)
- 1-7 Revòlt oswa ankouraje lòt moun nan revòlt
- 1-8 Ekspoze nidite ki endesan, egzibisyonis devègonde oswa konpòtman obsèn
- 1-9 Tantativ pou chape, eseye oswa planifye chape
- 1-10 Posesyon, tantativ posesyon oswa entwodiksyon nenpòt eksplozif, minisyon oswa lòt zam
- 1-11 Voye, lage oswa jete likid oswa materyèl kòporèl (pipi ak pou pou), materyèl danjere oswa chimik

#### B. ENFRAKSYON KATEGORI II:

- 2-1 Angaje nan zak seksyèl ak lòt moun
- 2-2 Ekstòsyon, chantaj, pwoteksyon, mande oswa resevwa lajan oswa nenpòt atik ki gen valè an retou pou pwoteksyon kont lòt moun swadizan pou evite yo sibi domaj kòporèl oswa anba menas pou enfòmè sou yo
- 2-3 Lè ou nan yon zòn entèdi san otorizasyon
- 2-4 Pa kanpe byen oswa entèfere ak kontaj prizonye yo
- 2-5 Gate oswa bloke nenpòt dispozitif verouyaj
- 2-6 Posesyon oswa tantativ pou posede kontrebann (Nenpòt atik yon prizonye genyen nan posesyon li oswa yo jwenn andedan etablisman an ki ilegal daprèlalwa oswa ki pa otorize pou prizonye a kenbe li epi ke yo pa distribye nòmman nan etablisman an)
- 2-7 Konpòtman ki entewonp oswa entèfere ak sekirite oswa lòd nan enstitisyon an
- 2-8 Bay oswa ofri nenpòt ofisyèl oswa manm pèsonèl la yon lajan pou kòronp oswa nenpòt bagay ki gen valè
- 2-9 Refize obeyi yon lòd nenpòt manm pèsonèl la
- 2-10 Detwi, chanje, domaje oswa degrade pwopriyete gouvènman an oswa pwopriyete yon lòt moun

- 2-11 Fè oswa konsome sibstans entoksikan oswa pou ou ye nan yon eta entoksikasyon
- 2-12 Fè pwopozisyon seksyèl
- 2-13 Mete yon degizman oswa yon bagay pou kouvri figi w ki pa otorize

C. ENFRAKSYON KATEGORI III:

- 3-1 Menase yon lòt moun pou fèli ditòfizikman oubyen nenpòt enfrazyon kont pèsòn oswa byen li yo
- 3-2 Refize travay, ankouraje lòt moun refize travay oswa patisipe nan arè travay
- 3-3 Patrisipe nan oswa ankouraje yon demonstrasyon gwoup, reyinyon san otorizasyon oswa rasanbleman
- 3-4 Vòlè (Vòl)
- 3-5 Ensolans anvè yon manm pèsònèl la
- 3-6 Bay manti oswa fè yon fò deklarasyon bay yon manm pèsònèl la
- 3-7 Chire, chanje, oswa move itilizasyon rad, kabann, dra oswa matla yo bay ou yo
- 3-8 Move itilizasyon medikaman otorize yo
- 3-9 Si ou pa idantifye tèt ou bay nenpòt manm pèsònèl la lè yo mande ou fè sa
- 3-10 Konpòtman ki deranje oswa ki entèfere ak yon pwogram, sèvis oswa aktivite regilyèman otorize tankou, men gen plis toujou: Divètisman, vizit, kantin, pwogram relijye, bibliyotèk lekti, bibliyotèk lalwa, pwogram konsyantizasyon sou abi sibstans oswa klinik
- 3-11 Vyolasyon règ ak règleman pwogram detansyon altènatif (rezidans siveye) tankou, men gen plis toujou: manipile oswa detwi ekipman siveyans elektwonik, ou pa retounen nan yon etablisman oswa yon rezidans oubyen itilizasyon pwodwi entoksikan
- 3-12 Fò dokiman, oswa repwodiksyon san otorizasyon nenpòt ki dokiman, atik idantifikasyon, lajan, papye ofisyèl oswa sekirite
- 3-13 Prete yon pwopriyete oswa nenpòt atik ki gen valè pou fè pwofi oswa jwenn yon retou ki siperyè
- 3-14 Absans ki pa jistifye nan travay oswa nan nenpòt responsabiltè
- 3-15 Pa fè travay jan yon manm pèsònèl la te ba ou enstriksyon
- 3-16 Fè tatouage oswa mitile/blese pwòp tèt ou
- 3-17 Itilizasyon lapòs oswa telefòn san otorizasyon
- 3-18 Bay lajan oswa nenpòt bagay ki gen valè, aksepte lajan oswa nenpòt bagay ki gen valè nan men yon lòt prizonye, yon manm fanmi / zanmi li
- 3-19 Fimen oswa posesyon ekipman pou fimen
- 3-20 Modifye, domaje oswa manipilasyon oswa refize mete braslè (bann idantifikasyon)

#### D. ENFRAKSYON KATEGORI IV:

- 4-1 Sèvi ak langaj abizif oswa obsèn
- 4-2 Denatirasyon/frelataj nenpòt manje oswa bweson
- 4-3 Jwèt aza, prepare oswa fè yon konbit jwèt aza, posede ekipman pou jwèt aza, komès, twòk oswa jwèt aza pou plato manje
- 4-4 Fè fo deklarasyon oswa fè similasyon tankou ou malad
- 4-5 Si ou pa swiv règleman sekirite oswa sanitasyon an
- 4-6 Sèvi ak nenpòt ekipman oswa machin kontrèman ak enstriksyon oswa nivo sekirite ki afiche yo
- 4-7 Lè ou mal pwòp oswa dezòrdonen, ou pa kenbe tèt ou ak zòn ou an pwòp
- 4-8 Kontak san otorizasyon ak piblik la
- 4-9 Korespondans oswa kontak ak yon vizitè ki vyole règleman ki afiche yo
- 4-10 Sèvi ak idantifikasyon oswa enfòmasyon yon lòt prizonnye pou nenpòt ki rezon entèdi

#### H-3. RAPÒ DISIPLINÈ, ODYANS, SANKSYON AK PWOSEDI YO

Anplwaye ki temwen oswa ki gen konviksyon ke yon prizonnye ta komèt yon vyolasyon règ ak règleman yo dwe prepare yon rapò disiplinè sou prizonnye epi rapòte ensidan a. Y ap remèt yon rapò disiplinè apa ak dokiman sipò pou chak enfrazyon kont yon règ.

- A. Pouswit Penal: Lè yon prizonnye swadizan komèt yon zak ki tonbe anba lalwa penal, sipèvizè a ap voye yon kopi tout rapò ki gen pou wè ak zafè sa a bay Envestigatè Kriminèl prizon an. Envestigatè Kriminèl prizon an dwe detèmine si wi ou non yo pral ranpli enfòmasyon yo ak biwo Pwokirè Leta a pou fè yon pouswit jidisyè.
- B. Envestigasyon yo:
  - 1. Lè yo rapòte yon vyolasyon regleman swadizan, sipèvizè shift la ap deklannche yon ankèt apwopriye pou detèmine si sikonstans yo sipòte akizasyon yo. Ankèt la dwe kòmanse nan vennkat (24) èdtan apre yo fin rapòte vyolasyon an epi li pral konplete san reta ki pa jistifye, sòf si gen sikonstans eksepsyonèl pou ranvwaye ankèt la.
  - 2. Yon prizonnye ki chaje avèk yon vyolasyon règ dwe resevwa nan men ofisyè ankèt la yon deklarasyon alekri sou akizasyon yo (yon kopi Rapò Disiplinè a), ki gen ladan yon deskripsyon ensidan an ak règ espesifik ke li te vyole. Yo bay prizonnye a deklarasyon an menm tan ke rapò disiplinè a depoze nan komite disiplinè a men pa mwens pase vennkat (24) èdtan anvan odyans disiplinè a. Odyans lan ka fèt nan vennkat (24) èdtan avèk apwobasyon ekri prizonnye a. Anketè a ap anrejistre nan ti bwat ki apwopriye nan Rapò Disiplinè a lè, dat ak siyati livrezon akizasyon yo.
  - 3. Nan moman akizasyon yo remèt bay prizonnye a, anketè a ap enfòme prizonnye a ke yon odyans ap fèt pa pita pase senk

(5) jou (eksepte wikenn ak jou ferye) apre ensidan an. Prizonye a ap gen pou pi piti vennkat (24) èdtan anvan odyans lan pou prepare defans li, sòf si prizonye a te eli pou renonse egzijans vennkat (24) èdtan an. Si prizonye a chwazi anile egzijans sa a, egzansyon an dwe alekri epi li dwe gen siyati prizonye a. Ofisye a dwe genyen nòt prizonye a tou nan bwat Rapò Disiplinè ki apwopriye a, lè ak dat siyati egzansyon an.

4. Lè yo fini investigasyon an, ofisye ankèt la dwe ranpli pòsyon ki apwopriye nan Rapò Disiplinè a epi voye rapò a bay Kowòdonatè Disiplin Prizonye etablisman an oswa reprezantan li.

C. Odyans Disiplinè, Rezilta ak Aksyon:

1. Yon komite disiplinè san patipri oswa yon ofisye odite odyans, jan komandan divizyon an detèmine li, dwe fè yon odyans pou vyolasyon règ yo. Nenpòt manm komite disiplinè oswa nenpòt moun ki nonmen kòm yon manm komite disiplinè dwe diskalifye si li / li gen nenpòt patisipasyon nan ka kont prizonye a oswa envestige vyolasyon an.
2. Rezilta komite disiplinè a oswa ofisye odyans lan dwe enimerè enfòmasyon espesifik ki sòti nan rapò disiplinè, ankèt oswa deklarasyon temwen yo ak ki prèv espesifik ki te itilize nan konklizyon ekip disiplinè a oswa ofisye odyans lan.
3. Komite disiplinè a oswa ofisye revizyon odyans lan ka deside ranvwaye oswa kontinye odyans lan pi lwen pase kontrent tan ki etabli yo pou yon peryòd rezonab e pou bon rezon. Rezon pou akòde yon ranvwa oswa kontinyasyon ka gen ladan, men yo pa limite a sa sèlman:
  - a. Preparasyon yon defans nan yon delèrezonab komite a apwouve
  - b. Maladi
  - c. Prizonye a pa disponib
  - d. Plis envestigasyon dwe fèt sou yon kesyon de fèt ki enpòtan pou odyans lan
4. Lè y ap fè yon odyans disiplinè, ofisye odyans lan, prezidan oswa yon majorite nan manm yo dwe gen otorite:
  - a. Pou mande pwodiksyon yon dokiman oswa rele yon temwen.
  - b. Pou revwa demand asistans prizonye a, pou moun prizonye a mande pou temwaye oswa pou nenpòt prèv ke yo ta renmen mande oswa prezante. Yo pral refize demand pou prezantasyon temwen si fè sa ta kreye yon risk reprezay, diminye otorite oswa otremman prezante yon menas pou sekirite entitisyon an. Yo p ap rele okenn temwen si li klè

ke temwayaj sa yo pa gen relasyon ak ka a, yo pa pètinan oswa repetitif. Notifikasyon yo dwe fèt nan rapò a ak rezon kifè yo refize demand pou rele yon temwen oswa pou mete restriksyon sou nenpòt enfòmasyon.

- c. Pou ofri yon manm pèsònèl la pou ede prizonye a pandan odyans lan lè prizonye a aparamman analfabèt, gen yon baryè langaj oswa kompleksite pwoblèm yo fè li difisil pou prizonye a ta kapab byen reprezante tèt li. Ofisye odyans disiplinè a oswa komite a ap egzije dekorasyon ki apwopriye pandan tout odyans disiplinè a.
5. Prizonye ki akize de yon vyolasyon règleman dwe gen dwa sa sila yo nan yon odyans disiplinè:
- a. Yon prizonye yo akize ke li pa respekte règ yo dwe prezan nan odyans lan, sòf si li / li renonse alekri dwa pou li patisipe nan odyans lan, li refize patisipe nan odyans lan, oswa konpòtman li pandan odyans lan jistifye pou yo retire dwa sa a: absans yon prizonye nan yon odyans ak rezon kifè li absan yo dwe dokimante.
  - b. Pou gen opòtinite pou fè yon deklarasyon epi pou prezante prèv ki kore ak dokiman nan odyans lan.
  - c. Pou mande temwen konparèt nan non yo, ki gendwa yon kantite komite odyans disiplinè a oubyen ofisye odyans lan limite lè prèv yo dwe prezante a se enfòmasyon ki twò kimilatif. Jisitifkasyon pou refize konparisyon temwen dwe fè alekri.
  - d. Prizonye a pral resewa yon kopi desizyon an alekri.
  - e. Tan ki pase nan prizon disiplinè dwe pwopòsyonèl ak enfraksyon ki komèt la men nan okenn ka pa dwe pi gran pase 30 jou pou chak vyolasyon.
  - f. Prizonye a dwe gen dwa fè apèl kont desizyon ofisye odyans lan oswa komite a devan majò a. Desizyon majò an nan final.
  - g. Tout etap nan pwosesis disiplinè a dwe konsève tankou yon dosye ekri. Sepandan, si yo jwenn prizonye a pa koupab, yo dwe note rapò disiplinè a epi yo dwe retire li nan dosye prizonye a.
  - h. Desizyon an dwe baze sèlman sou prèv yo prezante nan odyans lan epi li dwe gen ladann yon deklarasyon sou rezon ki fè desizyon an ak prèv yo te baze sou yo.
6. Ofisye odyans lan oswa prezidan komite odyans disiplinè a dwe responsab pou konplete pòsyon "Odyans lan" nan

- Rapò Disiplinè a, ki gen ladan non temwen yo rele ak tout restriksyon ki rekòmande kont prizonye a pandan odyans lan osi byen ke jistifikasyon pou restriksyon sa yo.
7. Majorite komite odyans disiplinè a oswa rezilta ak rekòmandasyon ofisye odyans lan dwe satisfè direktiv sa yo:
    - a. Lè yo fini odyans lan, ofisye odyans lan oswa manm komite a, nan deliberasyon ak pòt fèmèn, dwe detèmine validite akizasyon yo epi detèmine ki sanksyon yo ta dwe enpoze sou prizonye a si yo jwenn li koupab. Desizyon an dwe baze sèlman sou enfòmasyon yo jwenn pandan pwosesis odyans lan, ki gen ladan rapò anplwaye yo, deklarasyon prizonye yo akize yo ak prèv ki soti nan temwen ak dokiman yo.
    - b. Rekòmandasyon pou disiplin pa dwe abitrè ni kaprisyèz (ki baze sou santiman) ni pou fè vanjans. Yo entèdi nenpòt fòm pinisyon kòporèl.
    - c. Ofisye odyans lan oswa prezidan konsèy lan pral anonse konklizyon yo ak rekòmande sanksyon yo bay prizonye a epi anrejistre yo, ansanm ak rezon ki fè desizyon an ak prèv yo te konte yo, nan pòsyon "odyans" nan Rapò Disiplinè a.
    - d. Si yo jwenn prizonye a koupab, ofisye odyans lan oswa prezidan konsèy la ap avize prizonye a sou dwa yo pou fè yon kontestasyon (apèl).
  8. Ofisye odyans lan oswa komite disiplinè a dwe fè rive nan youn nan konklizyon sa yo:
    - a. Rejte chaj la. Si akizasyon an ranvwaye, rapò disiplinè a pa dwe afiche oswa mete nan dosye prizonye a. Anile yon rapò disiplinè ka rive akòz erè pwosedi, erè teknik oswa kopi chaj yo. Yon revokasyon san prejije epi yo ka reekri ak reprosesse anba menm tan kontrent ak nouvo chaj yo.
    - b. Pa koupab. Si yo jwenn prizonye a pa koupab, rapò disiplinè a pa dwe afiche ni mete nan dosye prizonye a. Yo pap jwenn prizonye a koupab lè reyalyte yo pa sipòte akizasyon an.
    - c. Yon deklarasyon alekri ki montre ki prèv ofisye odyans lan / komite a te konte sou pou jwenn yon koupab.
  9. Nenpòt aksyon disiplinè (eksepte pèt nan tan aki – *time gain*) ke yo te enpoze ak nenpòt lòt aksyon disiplinè yo ta dwe endike aklè nan rapò disiplinè a akondisyon yo konkouran oswa youn apre lòt (konsekitif). Si ekip disiplinè a oswa ofisye odyans lan pa espesifikman deklare egzijans



konkouran oswa konsekitif, yo dwe konsidere aksyon disiplinè youn apre lòt. Pèt nan tan aki pa dwe konkouran ak nenpòt lòt pèt nan tan aki epi yo dwe kimilatif.

10. Si yo jwenn prizonye a koupab, komite disiplinè a oswa ofisyè odyans lan dwe enpoze nenpòt oswa yon konbinezon aksyon sa yo:
- a. Restriksyon nan epi/oswa aksè altènatif nan divètisman, vizilt, sèvis relijye ak privilèj telefòn ki pa gen pou wè ak avoka epi/oswa bibliyotèk jiridik la pandan pa ka depase yon peryòd swasant (60) jou. Yo ka enpoze sanksyon sa yo sèlman lè gen yon bon rezon pou fè sa oswa lèvyolasyon an te rive pandan aktivite sa a espesifikman.
  - b. Sispann nenpòt lòt privilèj pou yon peryòd de tan ki pa depase:
    - 1) 30 jou pou yon Enfraksyon Kategori I
    - 2) 20 jou pou yon Enfraksyon Kategori II
    - 3) 10 jou pou yon Enfraksyon Kategori III
    - 4) 5 jou pou yon Enfraksyon Kategori IV
  - c. Konfiske pwopriyete/byen an (ki gen rapò ak enfraksyon lan)
  - d. Detèmine jan pou dispoze de atik kontrebann yo.
  - e. Oblije prizonye yo peye pou pwopriyete oswa machandiz ki domaje, detwi oubyen yo vòlè, kèlkeswa si byen/machandiz la te pou PBSO oswa pou yon lòt moun.
    - 1) Si yo jwenn de oswa plis prizonye ki responsab pou pèt oswa destriksyon yon atik, yo chak dwe responsab pou tout montan an. Sepandan, kantite lajan total la kolekte pa dwe depase kantite lajan pèt la.
    - 2) Peman pou pwopriyete domaje, detwi oswa detounen dwe nan valè ranplasman an epi depans prizonye oswa anplwaye yo pa dwe enkli. Sepandan, depans travay deyò yo ka chaje lè domaj la se rezilta yon zak destriktif ekspre. Nan ka sa yo, yo dwe mete dokiman nan dosye prizonye a ki detaye pri ki konsène a. Pri total fakti a dwe bay prizonye a ak kopi tache ak rapò disiplinè a.
    - 3) Si yon prizonye pa gen ase lajan pou peye pou reparasyon oswa ranplasman an, yo pral mete yon notasyon sou kont labank prizonye a pou eseye resevwa peman an pi devan. Si prizonye a finalman resevwa

lajan pandan dire santans prizon sa a oswa pandan l ap sèvi pèn prizon youn dèyè lòt, Biwo Cherif la pral touche lajan an anvan pou li remèt prizonnye a rès lajan an.

- 4) Yo pa ka enpoze depans pou sèvis medikal ki soti nan aksidan.
- f. Pèt tan aki ki akimile (*accrued gain time*) ki rekòmande jiska sanksyon maksimòm la:
- 1) 15 jou pou Enfraksyon Kategori I
  - 2) 10 jou pou Enfraksyon Kategori II
  - 3) 5 jou pou Enfraksyon Kategori III
  - 4) 1 jou pou Enfraksyon Kategori IV
  - 5) Anjeneral, prizonnye ap pèdi tan aki eksepsyonèl ("*exceptional industry gain time*") sof si yo espesifye tan aki pou bon konpòtman ("good conduct gain time"). Yon kantite espesifik jou rekòmande pou konfiskasyon an pral endike. Chak fwa yo rekòmande yon pèt tan aki, yo dwe fè yon detèminasyon ke prizonnye a akimile ase tan aki (*gain time*) pou yo kapab egzekite konfiskasyon an.
  - 6) Pou chak akizasyon soutni ke prizonnye a chape oswa tantativ chape, konpòtman rebelyon oubyen lòt enfraksyon kategori 1, tout komitasyon (rediksyon pèn anprizonman) ki te akimile anfavèyon prizonnye Konte a oral konfiske, sof ke si prizonnye a chape, si prizonnye a retounen libelibè san Eta oswa Konte a pa gen tan depans okenn lajan, alòs yo ka mete konfiskasyon a sou kote, si nan evalyasyon konpòtman prizonnye a apre sa, yo panse li gen dwa pou sa.
  - 7) Tout oswa yon pati nan tan aki (*gain time*) la yon prizonnye jwenn ansanm ak nenpòt tan aki anlès yo otorize ba li, si genyen, ka konfiske pou vyolasyon nenpòt lwa Eta a oswa nenpòt règ ouyen règleman enstitisyon an.
- g. Yo retire prizonnye a oswa re-asiyen obligasyon travay prizonnye a (kowòdone ak Klasifikasyon.)
- h. Re-asiyasyon lojman (kowòdone ak Klasifikasyon)
- i. Retire prizonnye yo nan liberasyon sipèvize nan kominote a (Rezidans Siveye) nan pwogram la epi

asiyen yo nan yon etablisman yo seleksyone (kowòdone ak Gad Altènativ ak Klasifikasyon.)

- j. Plase prizonye a nan konfinman disiplinè.
- 1) Peryò tan sa a pa ka depase penalite maksimòm la pou vyolasyon an, jan sa endike anba a.
    - a) 30 jou pou yon Enfraksyon Kategori I
    - b) 20 jou pou yon Enfraksyon Kategori II
    - c) 10 jou pou yon Enfraksyon Kategori III
  - 2) Konfinman disiplinè an ta dwe itilize sèlman an dènye rekou. Tan yon prizonye pase nan konfinman disiplinè dwe pwopòsyone ak enfraksyon li komèt la.
  - 3) Konsènan sanksyon konfinman disiplinè yo, yon jou egal venn-kat (24) peryòd lèdtan ki kòmanse nan moman prizonye a plase nan konfinman disiplinè.
  - 4) Sanksyon konfinman maksimòm la pou vyolasyon règ yo pa ka depase trant (30) jou pou tout vyolasyon ki te fèt pandan yon grenn ensidan. Kòmandan divizyon an oswa moun li reziyen an dwe revwa epi apwouve konfinman disiplinè ki dire plis pase trant (30) jou.
  - 5) Prizonye yo plase nan konfinman disiplinè lè yo detèmine ki koupab vyolasyon règ ki te enpakte dirèkteman sekirite ak sirte yon etablisman. Sanksyon nenpòt dire pou Konfinman Disiplinè gen ladann tou pèt sèvis jounal, kantin (sof pou atik ijyèn ki nesèsè yo), sèvis bibliyotèk (yo distribye liv pou fè lekti nan inite segregasyon an) ak sèvis koutfil pèsonèl yo. Yo gen dwa limite vizit yo si prizonye a poze yon menas enpòtan pou estaf la oswa si li te komèt yon vyolasyon an rapò ak yon vizit. Privilèj telefòn yo gen ladann sèlman koutfil ki pou kontakte espesifikman pwosesis jidisyè a ansanm ak ijans nan fanmi a, jan kòmandan divizyon an ak Omonye a detèmine
11. Sa ki annapre a se sanksyon ki entèdi epi yo pa kapab enpoze yo kòm disiplin:

- a. Nenpòt fòm restriksyon dyetetik oswa nitrisyonèl oswa itilizasyon manje oswa manje kòm pinisyon.
  - b. Nenpòt fòm pinisyon kòporèl oswa ki pa nòmàl.
  - c. Nenpòt fòm disiplin enpoze pa yon lòt prizonye.
  - d. Privasyon nan rad, kabann oswa atik ki nesèsè ijyèn pèsònèl. (Sa pa aplike pou prizonye sa yo ki detwi atik sa yo oswa itilize yo pou fè mal tèt yo oswa lòt moun. Nan ka sa yo, yo pral avize kòmandan divizyon an oswa moun yo deziyen an epi y ap revize desizyon an pou anpeche atik yo pa entèvni pou pa depase 24 èdtan).
  - e. Sèvi ak kontrent fizik kòm pinisyon.
  - f. Nenpòt fòm entèferans ak fonksyon chak jou nan bezwen k ap viv oswa ijyenik, tankou dòmi oswa itilizasyon enstalasyon twalèt.
12. Si yo plase yon prizonye nan konfinman administratif ann atandan yon odyans disiplinè epi komite a apres a rekòmande yon dire konfinman disiplinè, komite disiplinè a dwe konsidere tan prizonye a deja pase an konfinman administratif pou detèmine kantite total jou konfinman disiplinè ki rekòmande.
- D. Revizyon Kòmandan Divizyon an: Kòmandan divizyon an oswa moun li deziyen an dwe revwa rapò odyans disiplinè a pou:
1. Asire li ke ofisye odyans lan oswa komite odyans disiplinè an, osi byen ke odyans lan li menm, konfòme li avèk règleman ak pwosedi yo.
  2. Akò oswa rediksyon sanksyon disiplinè yo, si genyen. kòmandan divizyon an oswa moun li deziyen an pa ka ogmante sanksyon komite a rekòmande yo.
- E. Notifikasyon alekri: Koòdonatè disiplin prizonye a oswa reprezantan li dwe bay prizonye a yon kopi Rapò Disiplinè a ranpli.
- F. Dosye Odyans: Rapò Disiplinè, Odyans Disiplinè ak dokiman sipò yo se yon dosye sou pwosesis disiplinè a. Yon kopi dosye sa a dwe kenbe nan dosye klasifikasyon prizonye a sèlman si yo jwenn li koupab. Dosye sa a dwe konsève pou omwen senk (5) ane.
- G. Kontestasyon yo: Li posib pou prizonye a konteste tout desizyon ofisye odyans lan oswa komite odyans disiplinè a opre majò a oubyen moun li deziyen an. Men direktiv pou kontestasyon yo:
1. Yo dwe fè kontestasyon yo nan senk (5) jou, anwetan wikenn ak jou ferye yo, apatide dat kòmandan divizyon an apwouve oswa modifiye sanksyon yo. Se prizonye a ki soumèt yo fòm Doleyans Prizonye ki pral fèkontestasyon an.
  2. Majò a oswa moun li deziyen an pral konsidere byenfonde kontestasyon an sou labaz kritè ki annapre yo:
    - a. Èske te gen prèv sibstansyèl ki kore chaj la (yo)?

- b. Èske te gen konfòmite avèk règleman ak pwosedi sa yo?
  - c. Èske sanksyon yo te enpoze pwopòsyonèl ak enfraksyon lan ki komèt?
3. Majò a oswa moun li deziyen an dwe swa afime oswa envèse desizyon an epi reponn prizonye a alekri nan senk (5) jou (eksepte wikenn ak jou ferye) apre Kowòdonatè Plent lan te resevwa plent prizonye a (kontestasyon) epi anrejistre li.
  4. Desizyon majò a oswa reprezantan li final e san apèl.
- H. Pwosesis Revizyon: Sou prezantasyon yon demann alekri, yo pral bay notifikasyon sou jistifikasyon ki jiristifye segregasyon san rete a oswa nenpòt pwogram oubyen restriksyon privilèj.

## I. KONSYANTIZASYON SOU AGRESYON SEKSYÈL

### I-1. AGRESYON SEKSYÈL

Agresyon seksyèl se yon zak kriminel vyolan ki gen ladann kadejak, ensès, pèsèksyon seksyèl oswa nenpòt lòt kontak seksyèl san viktim lan pa t bay konsantman li.

Anba Lwa sou Eliminasyon Vyòl nan Prizon 2003 (PREA), Depatman Koreksyon Biwo Cherif Rejyon Palm Beach la deklare tolerans zero avèk abi seksyèl / entimidasyon sou prizonye yo, swa nan mwen anplwaye yo oswa nan men lòt prizonye yo. Yo envestige tout rapò sou abi / entimidasyon seksyèl san pèdi tan epi yo pral pouswiv delenkan yo. Kòmandan Devlope ak Moute Anplwaye yo deziyen kòm Kowòdonatè PREA a.

Abi seksyèl se yon zak kontrent san konsantman ki enplike menas oswa vyolans. Deskripsyon li se kontak ant bouch la ak pati jenital gason an, vilv oswa anis la, penetration nan ouvèti dèyè oswa jenital lòt moun la, temèt tou piti, pa yon men, dwèt, objè oswa lòt enstriman. Gen ladann tou manyen entansyonèl nan pati jenital, anis, kwis enteryè oswa bounnda yon lòt moun, dirèkteman sou po li oswa anba rad li, eksepte ensidan ki rive nan yon dispit fizik. Sa pa enkli yon zak san move entansyon pou rezon medikal.

Agresyon seksyèl / pèsèksyon afekte tout moun, swa dirèkteman oubyen atravè eksperyans moun nou pran swen yo. Li se pa sèlman yon pwoblèm fanm, menm jan li ka afekte moun nan nenpòt ki sèks, laj, ras gwoup etnik, sitiyasyon sosyoekonomik, oriyantasyon seksyèl oswa andikap.

PBSO pral sèvi ak enfòmasyon ou te bay nan moman anrjistremman ou a pou ede nou nan asiye lojman ki an sekirite. Objektif nou se kenbe separe prizonye sa yo ki riske pou yo viktim nan fè sèks nan men moun ki gen gwo risk pou yo abizè seksyèl. Plasman ak pwogramasyon travay pral revize sou yon baz ka-pa-ka pou chak madivin, masisi, biseksyèl, intersèks (LGBTI), oswa prizonye ki pa gen sèks konfòm. Nou pral bay anpil konsiderasyon pou opinyon chak prizonye LGBTI ki gen rapò ak pwòp sekirite li.

## I-2. EVITE AGRESYON SEKSYÈL

Sèl fason pou yon agresyon seksyèl ka anpeche se lè yon vyolè potansyèl chwazi PA vyole. Sepandan, ou ka evite yon agresyon nan kenbe direktiv sa yo nan tèt ou:

- Ou dwe okouran de sityasyon ki fè ou santi ou pa alèz. Mete konfyans ou nan ensten ou. Si ou gen move santiman, **KITE** kote a.
- Pa kite bòn edikasyon anpeche w kenbe tèt ou an sekirite. Pa ezite di, “**NON**” oswa “**SISPANN TOUSWIT**”.
- Mache epi kanpe avèk asirans. Anpil agresè chwazi viktim ki sanble yo pa pral goumen defann tèt yo oswa yo fèb emosyonèlman.
- Evite pale sou sèks ak nidite. Bagay sa yo ka konsidere kòm yon envitasyon oswa fè yon lòt prizonye kwè ke ou ta renmen gen yon relasyon seksyèl.
- Pa aksepte okenn atik ekonomat oswa lòt kado nan men lòt prizonye yo. Si ou mete tèt ou nan dèt ak yon lòt prizonye sa ka mennen li tann pou ou ranbouse dèt la ak favè seksyèl.
- Evite zòn sekre yo. Pozisyon tèt kote manm pèsònèl la ka wè ou klè. Si yo fè presyon sou ou pou fè sèks, rapòte li bay nenpòt manm pèsònèl la san pèdi tan.

## I-3. KISA POU W FÈSI W VIKTIM YON AGRESYON SEKSYÈL

- Jwenn yon kote ki an sekirite. **RAPÒTE SAN PÈDI TAN AGRESYON LA BAY NENPÒT MANM PÈSONÈL LA.**
- Ajans lan entèdi pou yo pran aksyon disiplinè pou yon rapò sou abi seksyèl ki fèt debònfwa san egzajere swadizan konpòtman ki te fèt la, menm si yon ankèt pa etabli ase prèv pou jistifye akizasyon an.
- Plis ou rete tann pou rapòte agresyon la pi difisil pou jwenn prèv ki nesèsè pou yon ankèt kriminel ak / oswa administratif.
- Ou ka gen blesi grav ke ou pa okouran de yo epi nenpòt kontak seksyèl ka ekspozè ou a maladi ki transmisib nan nan fè sèks. Ou dwe resevwa atansyon medikal rapid.
- Pa manje, bwè, chanje rad, lave, benyen, pran douch, rensè bouch ou, bwose dan ou, pipi oswa pou pou jiskaskè yon espesyalis legal egzamine ou. Nenpòt nan sa yo ka detwi prèv enpòtan.
- Si ou te yon viktim oswa temwen yon atak, men ou pa vle rapòte li oumenm bay yon manm pèsònèl la, ou ka bay enfòmasyon yo moun sa yo:
  1. Yon Klèje
  2. Avoka w oswa defandèpiblik ou
  3. Nenpòt estaf medikal oswa sante mantalOswa ou gendwa soumèt:
  1. Yon kupon demand prizonye oswa yon korespondans alekri
  2. Yon doleyans

Ou gendwa rele Nimewo Asistans pou Zak Kriminel Vyolan Agresyon Seksyèl la 24è sou 24, 7 jou sou 7, ke yo p ap faktire nan sistèm telefòn prizonye a, lè ou chwazi an premye lang ou vle a, epi apres a ou peze bouton ‘collect’ la epi pou fini, ou rele nan 7777, sa ki pral konekte w dirèkteman nan sant pou viktim Victim Services SART Center 4210 N. Australian Ave. West Palm Beach, FL 33407.

Konfòmeman ak Manman-Lwa Eta Florid 90.5035, yon viktim vyolans seksyèl ki konsilte yon konseye-terapis pou agresyon seksyèl nan yon sant kriz pou viktim kadejak gen dwa pou enfòmasyon li pataje ak konseye-terapis la rete sekre (konfidansyèl).

Pèsòn eksepte viktim la kapab oblije konseye-terapis pou agresyon seksyèl la revele enfòmasyon yo te echanje pandan konvèsasyon yo. Se viktim la sèlman ki kapab renonse a privilèj sa a, epi sa dwe fèt alekri.

Si viktim kadejak yo pa sèten si yo ta dwe rapòte sa yo sibi lapolis, defansè viktim yo pral ede yo pandan pwosesis pou yo pran desizyon yo, kèlkeswa sa yo chwazi pou fè a.

- Ou pral fè yon egzamen mediko-legal epi yo pral asiye yon konseye dwa viktim ba w.
- Ou pral resevwa swen sante medikal ak mantal pou tretman de swivi pou pasyan pandan ou nan prizon. Ou ka mande tou pou wè yon founisè sante mantal nenpòt lè ou santi li nesèsè
- Pa gen okenn chaj yo pral faktire ki asosye avèk swen yo bay pou agresyon sa a ou di ki te rive a.

#### I-4. SÈVIS YO BAY NAN SANT SART SÈVIS POU VIKTIM YO

- Enfòmasyon sou Dwa Viktim la
- Entèvansyon 24è sou 24 pou kriz opre lopital yo, ajans lapolis yo ak sou lye kote zak kriminèl la pase
- Egzaminatè Enfimyè espesyalize nan Agresyon seksyèl (Sexual Assault Nurse Examiner, SANE) pou ofri asistans ki baze sou viktim la
- Pledwaye pou Jistis Penal ak akonpayman nan tribinal
- Èd pou prezante aplikasyon pou Konpansasyon Eta a bay Viktim Zak Kriminèl (State Crime Victim Compensation) ak Odonans restriktiv (Restraining Orders)
- Terapi endividyèl ak gwoup sipò
- Enfòmasyon ak referans nan resous kominotè, sa ki gen ladann chèltè ak èd jirifik Legal Aid

#### I-5. DEFANSÈ AKREDITE POU VIKTIM KADEJAK PRAL BAY SÈVIS SA YO

- Entèvansyon pou kriz ak Pledwaye pèsònèl
- Yo pral akonpaye viktim kadejak la pou l fè egzamen mediko-lejis nan The Butterfly House ansanm ak nan lòt etablisman medikal
- Kowòdinasyon pou swivi swen medikal, terapi-konsèy ak referans
- Pledwaye Jistis penal epi y ap akonpaye viktim la nan tribinal

- I-6. ENFÒMASYON POU YON PRIZONYE KI AGRESE SEKSYÈLMAN LÒT PRIZONYE
- Y ap pouswiv ou dapre lwa penal Lwa Florid. Yo pral ba w yon rapò disiplinè. Si yo jwenn ou koupab, sanksyon yo pral estrik anpil.
  - Nivo sipèvizyon ou pral revize epi gen anpil chans pou li ogmante, sa ki ka vle di yon transfè nan yon nivo sekirite ki pi wo oswa nan yon inite ki gen anpil limitasyon nan libète mouvman ak privilèj.
  - Istwa ou nan etablisman an ak ajisteman lojman yo vinn dwe fè nan ka ou la, ap rete nan dosye ou epi yo pral enfliyanse nenpòt jijman lojman ki gen ta gen pou fèt nan lavni nan yon etablisman PBSO.
  - Si ou gen fanmi, ki jan sa pral afekte yo ak / oswa ki jan li pral afekte kapasite yo pou vizite ou?
- I-7. SI OU GEN PWOBLÈM POU KONTWOLE AKSYON OU YO
- Chèche èd nan men anplwaye sante mantal yo.
  - Konsidere patisipe nan pwogram ki fèt pou kontwole kòlè oswa diminye estrès.
- I-8. POU REDWI SANTIMAN KOLÈ AK AGRESYON TOUSWIT
- Chèche èd nan men Estaf Sante Mantal oswa Estaf Relijye yo.
  - Eseye pale ak ekri yon zanmi.
  - Medite oswa fè egzèsis respirasyon pou detann ou.
  - Okipe tèt ou ak yon aktivite agreyab oswa angaje nan kèk kalite egzèsis.
- I-9. ÈSKE W TE KONNEN?
- Kadejak ak agresyon seksyèl rive fanm ak gason ki gen tout laj, depi anfans rive nan dènye ane yo.
  - Katreven-uit pousan (98%) nan gason ki vyole ti gason rapòte yo etewoseksyèl. Pifò gason ki atake gason oswa fanm marye oswa rapòte gen mennaj.
  - Agresyon seksyèl pa gen anyen pou wè ak oryantasyon seksyèl prezan oswa avni viktim nan. Viktim yo ka swa etewoseksyèl oswa omoseksyèl.
  - Yon sivivan pa gen fòt pou kadejak la, menm si li / li te nan yon zòn izole oswa li te deja fè sèks konsantman avèk atakè a.
  - Lefèt ke yon gason ki viktim agresyon seksyèl ejakile oswa vin eksite nan fè sèks pa vle di ke yo pa te vyole yo oswa ke yo te bay konsantman yo. Sa yo se reyaksyon nòmal, envolontè fizyolojik.
  - Sa rive anpil pou viktim sivivan agresyon seksyèl yo gen santiman anbarasman, kòlè, kilpabilite, panik, depresyon ak laperèz menm plizyè mwa oswa lane apre agresyon an. Lòt reyaksyon yo abitye wè, gen ladann pèt apeti, kè plen oswa vant fè mal, tèt fè mal, pèt memwa ak / oswa pwoblèm konsantre ak chanjman nan abitud dòmi.



## **J. KONESANS LIMITE NAN LANG ANGLÈ**

### **J-1. POLITIK OSIJÈ KONESANS LIMITE NAN LANG ANGLÈ (LEP)**

Depatman Koreksyon Biwo Cherif Rejyon Palm Beach la (PBSO DOC) bay prizonye ki « gen Konesans Limite nan Lang Anglè (LEP) (ki enkli detni tou) ak manm piblik la (ki gen ladan paran minè LEP ki detni nan DOC) ak aksè pou jwenn enfòmasyon enpòtan ki siyifikatif pou ka ou, dwa ak sèvis. Moun LEP yo se moun ki pa pale Angle kòm lang prensipal yo epi yo gen yon kapasite limite pou li, ekri, pale oswa konprann Angle. Prizonye LEP yo pral kapab gen yon patisipasyon aktif epi resevwa komunikasyon efikas nan lang yo pou sèvis, pwogram ak pwosedi enpòtan yo; avi sou dwa ak responsablite; aksyon disiplinè ak pwosedi; demann ak sèvis medikal ak sante mantal; akomodasyon relijye, andikap ak lòt ak sistèm demann prizonye yo. DOC pa pran revanj kont okenn prizonye oswa manm piblik la pou mande asistans langaj epi ankouraje ak antrene anplwaye yo pou asire ke yo kominike efektivman ak moun LEP yo.



\* Callers will remain anonymous. Up to \$1000 REWARD for information leading to the seizure of a firearm and an arrest.

**1-800-458-TIPS**